

Лъэпкъым и пщIэр зыIэт щIалэ

2-нэ нап.



Мэзылъэ шытхырщ я хэщIапIэр

2-нэ нап.



«Ислъамым и нур»

3-нэ нап.



ЛIыхъужьым и фэеплъ зэхьэзэхуэм

4-нэ нап.

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№20 (24.302) • 2022 гъэм мазаем (февралым) и 25, мэрем • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ

Дыкъэзыухъуреихь дунейм лей едвмыгъэх



4-нэ нап.



# Фи лIыгъэм ди щхьэр худогъэщхъ

**Ди къэралым щагъэлъэпIащ Хэкум и хъумакIуэм и махуэшхуэр. Абы хуэгъэпсауэ Налшык щекIуэкIа апхуэдэ Iуэхугъуэхэм хэту, КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек удз гъэгъахэр трилъхьащ «ЩIыхьым и мафIэ мыужьых» фэеплъым.**

1941 - 1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэм ди къэралым къыщихьа ТекIуэныгъэ Иным зи гъащIэр хэзылъхьа совет зауэлIхэм я фэеплъым пщIэ хуащIыну махуэшхуэ зэIущIэм зыкърагъэхьэлIат зауэм и ветеранхэм, дзэ къулыкъум пэрытхэм, республикэм и хабзэхъумэ IэнатIэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэхэр. Фэеплъ зэхуэсым апхуэдэу хэтащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщI **Егоровэ Татьянэ**, КъБР-м и Правительствэм и Тхьэмадэ **Мусуков Алий**, КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм и УнафэщI **Къуэдзокъуэ Мухьэмэд**, УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм щыIэм и аппаратым КъБР-м къегъэщIылIа и федеральнэ инспектор нэхъыщхьэ **Мэкъуауэ Тимур**, Парламентым и депутатхэр, Правительствэм хэтхэр.

- Хэкум и хъумакIуэм и махуэр гъэлъэпIэныр зыхуэгъэзар зи къэралыр залымыгъэм, зауэм, террорым, экстремизмэм щызыхъумэхэращ. Абыхэм фIыщIэ ин яхудощI, ди щхьэр лъахъшэу яхудогъэщхъ. Мыхьэнэшхуэ иIэщ а махуэшхуэр зэраубзыхурэ мы гъэм илъэси 100 зэрырикъуми, - жиIащ КIуэкIуэ Казбек. - Нобэрей махуэм и мыхьэнэр нэхъри нэхъ иныж хъуащ мы лъэхъэнэм, ар нэхъ зыхыдощIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цIыхухэм, Урысей Федерацэм щыпсэухэм. Ди Хэкум и Президент Путин Владимир къилъытащ Донецк, Луганск цIыхубэ республикэхэм я къэралыгъуэр, щхьэхуитыныгъэр. Урысей Федерацэми а щIыналъэхэм щыпсэу цIыху мелуанхэм я дежкIи тхыдэ мыхьэнэшхуэ зиIэ а Iуэхугъуэм Iэмал къитащ а республикэхэм шынагъуэншэ псэукIэ яIэнымкIэ, мамырыгъэр щытепщэу щытынымкIэ.

Республикэм и Iэтащхьэм къызэрыхигъэщамкIэ, гупсысэ куухэр зи лъабжьэ апхуэдэ унафэ къызэращтам къегъэльагъуэ дыщыпсэу хэкур зи цIыхухэр зыхъумэжыфын, лъыгъажэр къэзыгъэувыIэфын къэрал къарууфIэу зэрыщытыр, апхуэдэуи ар ди къуэш лъэпкъхэм я мамыр псэукIэм и джэлэсу къызэрыувыр.

Ди республикэм и щIыналъэхэм, къалэхэм мазаем и 23-м къыщызэрагъэпэщащ Хэкум и хъумакIуэм и махуэр щагъэлъапIэ зэхуэсхэр. Абыхэм хэтащ щIыпIэхэм я нэхъыжьыфIхэр, унафэщIхэр.

**ТАМБИЙ Линэ.**

# Хабзэ ткIийхэр Iуахыж

**КъБР-м и Оперативнэ штабым и унафэкIэ республикэм къыщагъэтIасхъэ коронавирус узыфэ зэрыцIалэм зэрызиубгъум къыхэкIыу нэхъапэкIэ ягъэуваауэ щыта хабзэ ткIийхэр.**

УНАФЭМ къызэрыщыгъэлъэгъуамкIэ, балигъыпIэ ит цIыхухэу ковид-сертификатыр зиIэхэр кIуэну хуитщ шхапIэхэм, спортым зыщыхуагъасэ, щэнхабзэ IуэхущIапIэхэм, ЗАГС-м, кинотеатрхэм, хьэщIэщхэм, зыгъэпскIыпIэхэм, зыщагъэдахэ унэхэм. Илъэс 60-м щIигъухэм сертификатыр яIэмэ, унэм щIэсын хуейуэ къыхуагъэуваауэ щыта хабзэр щхьэщах.

ШхапIэхэр лэжьэну хуитщ пщэджыжьыр сыхьэти 6-м щегъэжьауэ жэщыр сыхьэти 2 хъуху. Япэми хуэдэу а хабзэм хиубыдэркъым вокзалхэм, аэропортхэм, автомашинэхэм гъэсыныпхъэ щрагъахъуэ станцхэм, хьэуа къабзэм хэту щIыбым щылажьэ шхапIэхэр, зэпэщIэхауэ сату зыщIхэр, ерыскъы хьэзырхэр къыздыщIэпх хъу IуэхущIапIэхэр.

Пщэдджыжьым сыхьэти 6-м щегъэжьауэ жэщым сыхьэти 2 хъухущ (нэхъапэм сыхьэти 6-м къыщыщIэдзауэ пщыхьэщхьэм сыхьэт 11-м нэблэгъэхут) шхапIэхэр лэжьэну щыхуитыр, нэхъапэкIи къызэрагъэлъэгъуауэ, абы щIэсыр процент 75-рэ нэхърэ нэхъыбэ мыхъуу щытмэ.

***КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.***

# Щэнхабзэ IуэхущIапIэхэр къагъэщIэрэщIэж

**Республикэм щэнхабзэм зыщегъэужьыным иужьрей илъэсхэм гулъытэ нэхъыбэ хуащI хъуащ. Абы и лъэныкъуэкIэ ирагъэкIуэкI Iуэху щхьэпэхэм ящыщщ щэнхабзэмкIэ унэхэр ухуэныр, ахэр зыхуей хуэзэу зэгъэпэщыжыныр.**

ЛЭСКЭН, Аруан, Май районхэм хиубыдэ къуажэхэм дэт щэнхабзэмкIэ унэу хым зэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэхэр щрагъэкIуэкIынущ мы илъэсым кърихубыдэу. Федеральнэ, республикэ бюджетхэм къыхэкIыу а Iуэхум хухахащ сом мелуан 200-м щIигъу. Лэжьыгъэхэр ирагъэкIуэкIынущ «Щэнхабзэ» лъэпкъ проектымрэ «Урысей зэкъуэт» партым къыхилъхьа «Си хэку цIыкIум и щэнхабзэ» проектымрэ япкъ иткIэ.

Зэгъэпэщыжыныгъэхэм хиубыдащ Уэзрэдж, Ташлы-Тала, Аруан, Дыгулыбгъуей, Къамылыкъуэ къуажэхэм, Александровскэ станицэм щыIэ щэнхабзэ IуэхущIапIэхэр. Апхуэдэу мы илъэсым ухуэныгъэ лэжьыгъэхэр щызэфIагъэкIынущ Налшык къалэм дэт, НыбжьыщIэхэм я театрым. Абы зэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэхэр 2020 гъэ лъандэрэ щрагъэкIуэкI.

Щэнхабзэ IуэхущIапIэхэр къагъэщIэрэщIэж иджырей мардэхэм тету. Унэхэм я щIыбкIи, я кIуэцIкIи сыт и лъэныкъуэкIи зыхуей хуагъэзэнущ, къищынэмыщIауэ, инженер коммуникацэхэр псори щIэкIэ яхъуэжынущ, цIыхухэр щызэхуэсыну пэшышхуэр мардэ нэхъыфIхэм тету ягъэпсынущ.

- Зэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэхэр зэрекIуэкIыр щыIэ «гъуэгу картэм» тету ткIийуэ къапщытэнущ. Абы къыхэкIыуи, фIагъ иIэу икIи и чэзум Iуэхур зэфIэкIыну догугъэ. Щэнхабзэ IуэхущIапIэхэр къэщIэрэщIэжынымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрыр къэралым щыпэрытхэм ящыщщ, 2022 гъэми зыщIедгъэхыну ди мурадкъым, - жиIащ проектыр зэрагъэзащIэм кIэлъыплъ, УФ-м и Къэрал Думэм и депутат Геккиев Заур.

Республикэм къэрал программэхэр щыгъэзэщIэнымкIэ зэфIагъэкI Iуэхухэм хэту мы илъэсым зэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэхэр щрагъэкIуэкIыну я мурадщ Анзорей къуажэм, Прохладнэ, Налшык къалэхэм гъуазджэмкIэ я сабий школхэм.

**ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэ.**

# Темыркъан Юрэ и къалэныщIэ



**Оркестр саугъэт ин Санкт-Петербург щагъэуващ. Абы и унафэщI къалэныр игъэзэщIэну дирижёр цIэрыIуэ Темыркъан Юрэ арэзы зэрыхъуам саугъэтым и мыхьэнэр нэхъ ин зэрищIым шэч хэлъкъым.**

«440 герц» фIэщыгъэм къигъэлъагъуэр «ля» нотэм и зуукIэрщ, лэжьэн щыщIадзэкIэ музыкантхэм зызытраухуэрщ. Зэпеуэм хэт хъунущ ди къэралым и дэтхэнэ симфоние оркестрри. Саугъэтыр адрейхэм ещхькъым: зэпеуэм зыщыхэплъэнур студием щрагъэтха макъамэхэракъым, атIэ интернет Iэмалыр къагъэсэбэпу онлайну къатхэращ.

Иджыри къыздэсым симфоние музыкэм ехьэлIа саугъэтхэр икъукIэ мащIэт, сыту жыпIэмэ концертхэм я къэпщытэныгъэр къызэбгъэпэщыну гугъущ. «Филармоние программэхэм, спектаклхэм къащхьэщыкIыу, къытрагъэзэжыркъым, - жеIэ саугъэтым и художественнэ унафэщI Маркарян Надеждэ. - Спектаклым мызэ-мытIэу уеплъыж хъунущ. Макъамэ программэр зэ щыIакъэ - ар тхыдэм игъащIэкIэ хыхьауэ аращ. Ар профессиональнэу къыупщытэн папщIэ, жюрир нэхъапэIуэкIэ зэхуэсу концертым кIуэн хуейщ. ЩыIэщ студием щрагъэтха макъамэхэм я нэхъыфIыр къыщыхах зэпеуэ куэд. Ауэ дэтхэнэми къыгурыIуэн хуейщ апхуэдэхэм и деж лэжьыгъэр зыбжанэрэ зэрырагъэтхыр, абыхэм я нэхъыфIыр къызэрыхахыжыр».

Пандемием и зэманым онлайн Iэмалыр куэду къагъэсэбэп хъуащ. Оркестрым игъэзащIэ макъамэхэр къэпщытэнымкIэ ар уасэ зимыIэ хэкIыпIэу зэрыщытым къызэгъэпэщакIуэхэм гу лъатэри, Iуэхур кърахьэжьащ. «Программэр залым щыIуу, ар интернетымкIэ занщIэу къыщагъэлъагъуэм и деж, абы кIэлъыплъхэм я бжыгъэр куэд мэхъу. Концертым щIэдэIуу хъуам ар зэгъусэу зыхащIэ, я псэр егъэпIейтей. АдэкIи концертыр тхауэ къонэри, и фIагъыр лъэныкъуэ псомкIи къэпхутэну Iэмал уиIэщ», - жеIэ Маркарян Надеждэ.

«440 герц» саугъэтыр академическэ, классикэ музыкэм пщIэ игъуэтыжынымкIэ, и увыпIэр иубыдыжынымкIэ сэбэп хъуну мэгугъэ абы и къызэгъэпэщакIуэхэр. Дуней псом къыщалъытэ симфоние щэнхабзэ лъагэм и къэралу щытащ ди щIыналъэр нэхъапэм, иужьрей зэманым музыкэ нэхъ мыхьэнэшэхэм ди цIыхухэр дахьэхами.

Саугъэтым хущIэкъуну хуейхэм я лъэIухэр къыIахын щIадзакIэщ, ар мэлыжьыхьым и 15 хъуху екIуэкIынущ. Зэхьэзэхуэм и унэтIыныгъэ 15-м щытекIуахэм я цIэ Санкт-Петербург къыщраIуэнущ накъыгъэм и 31-м. Оркестрхэм я лэжьыгъэхэр къапщытэнущ ди къралым и филармоние лъэрызехьэхэм я унафэщIхэм, Москва, Петербург, Екатеринбург я макъамэ критикхэм.

**ИСТЭПАН Залинэ.**

# Нэрылъагъу хъунымкIэ IэмалыфI

**«Россельхознадзор»-м и лэжьыгъэр щIыналъэхэм зэрыщекIуэкIыр зэгъэщIэным хуэгъэзауэ къызэрагъэпэщауэ щыта «Цербер» хъыбарегъащIэ IэнатIэм Къэбэрдей-Балъкъэрым утыку щхьэхуэхэр къыщызэIуех.**



АБЫ КЪЫХЭКIЫУ, республикэм и хьэрычэтыщIэу юридическэ къару зиIэхэмрэ зи закъуэу лажьэхэмрэ ящыщу пестицидхэмрэ нэгъуэщI химикатхэмрэ къэзыгъэсэбэпхэм, зыхъумэхэм, уеблэмэ къыщIэзыгъэкIхэм 2022 гъэм бадзэуэгъуэм и 1-м къыщыщIэдзауэ «Цербер» хъыбарегъащIэ IэнатIэм и утыку зэIухам зыщрагъэтхын хуейщ.

Мы зэманым ирихьэлIэу пестицидхэмрэ мэкъумэш химикатхэмрэ зэрызэрахьэмрэ къызэрагъэсэбэпымкIэ хъыбар ирагъащIэу я тхылъхэр «Цербер» IэнатIэм и щIыналъэ къудамэм зи гугъу тщIы хьэрычэтыщIэхэм ящыщу 25-м щIалъхьащ.

Мэкъумэш лэжьыгъэм пэрытхэм ящыщу хъыбарегъащIэ IэнатIэм зыщегъэтхынымкIэ жыджэрагъ нэхъ къыщагъэлъагъуэ Прохладнэ, Бахъсэн районхэм. А лъэныкъуэмкIэ яужь къонэ Шэрэдж, Дзэлыкъуэ, Iуащхьэмахуэ, Май, Аруан, Шэджэм, Лэскэн щIыналъэхэмрэ Налшык, Прохладнэ къалэ округитIымрэ.



«Цербер» хъыбарегъащIэ Iэмалыр - хэкIыпIэфIщ мэкъумэшым елэжьхэм пестицидрэ химикату къагъэсэбэпыр зыхуэдизыр къэралым дежкIэ нэрылъагъу хъунымкIэ.

«Россельхознадзор»-м и управленэм щхъухьэкIхэр къэзыгъэсэбэпхэм хъыбар ярегъащIэ мардэм темыту ахэр къэзыгъэсэбэпхэр жэуапым зэрыращэлIэнур, нэхъ пыухыкIауэ къэдгъэлъагъуэмэ, сом мини 100-м нэблагъэ къуэдыуэ зэрырагъэпшынынур, уеблэмэ я лэжьыгъэр мазищкIэ къызэрызэтрагъэувыIэнур.

**КЪУМАХУЭ Аслъэн.**

## Ди къуэш республикэхэм



### Япэ ирагъэщ

АДЫГЕЙ. ***АР-м и клиникэ онкологие диспансерым 2022 гъэм щегъэжьауэ 2024 гъэ пщIондэ сом мелуани 176,88-рэ хухахынущ технологие лъагэхэр зи лъабжьэ медицинэ Iэмэпсымэ лъэщхэр къащэхун папщIэ.***

- «УЗЫНШАГЪЭ» лъэпкъ проектым хиубыдэ «Лыших узыфэхэм ебэнын» щIыналъэ проектым и фIыгъэкIэ диспансерыр зыхуей-зыхуэфIхэмкIэ зэман гъунэгъум къызэрагъэпэщынущ. Иджыпсту Iэмэпсымэ 21-рэ къащэху. Мы гъэм сом мелуани 117,7-р яIэрыхьэнущ. 2023 гъэм - сом мелуан 30,6-рэ, 2024 гъэм - сом мелуан 28,58-рэ хуаутIыпщыну я мурадщ.

Онкодиспансерыр «Узыншагъэ» лъэпкъ проектым 2019 гъэ лъандэрэ хэтщ. Иужьрей илъэситхур зэгъусэу къапщтэмэ, IуэхущIапIэм медицинэ Iэмэпсыми 159-рэ къищэхуащ.

2020 гъэм сом мелуани 103,2-рэ и уасэ оборудованэ 23-рэ зыIэрагъэхьащ, ахэр анестезие, реанимацэ, хирургие къудамэхэм щIагъэуващ. Нэгъабэ сом мелуан 94-кIэ къащэхуащ Iэпкъ-лъэпкъыр зэрыщыту МРТ зэращI Iэмэпсымэр.

### ДэIэпыкъуэгъухэр къэсащ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***Урысей Федерацэм Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм и унафэкIэ, Башкир къэрал медицинэ университетым и лэжьакIуэхэр КъШР-м къэкIуащ COVID-19 узыфэр къызыпкърыхьа сымаджэхэр ягъэхъужынымкIэ ядэIэпыкъуну. Пульмонолог, инфекционист, анестезиолог-реаниматолог, хирург - дохутыр 12 мы махуэхэм яхыхьащ республикэм и госпиталхэмрэ Черкесск амбулаторэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ дэт центрымрэ щылажьэхэм.***

КЪИЩЫНЭМЫЩIАУЭ, Къэрэшей-Шэрджэс республикэ клиникэ сымаджэщым щолажьэ Башкирием къикIа офтальмологрэ лъынтхуэхэм еIэзэ хирургрэ. Абыхэм я деж зезыгъэтхыр технологие лъагэхэр зи лъабжьэ медицинэ дэIэпыкъуныгъэ хуэныкъуэ сымаджэхэращ.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, коронавирус уз зэрыцIалэм ебэну КъШР-м нэгъаби щылэжьащ Башкирием щыщ дохутырхэр.



### Абхъазыр утыку йохьэ



АБХЪАЗ. ***Республикэм и посольствэу Урысей Федерацэм щыIэм щызэхуэзащ Абхъазым хамэ къэрал IуэхухэмкIэ и министр Ардзинбэ Иналрэ ООН-м хыхьэ ассоциацэхэм я дунейпсо федерацэм и вице-президент Борисов Алексейрэ.***

АРДЗИНБЭ Инал Борисовым Iэригъэхьащ Абхъаз Республикэм къэрал-кIэлъыплъакIуэ статусыр ООН-м къыщратыну АР-м и МИД-м и Iэтащхьэм Лъэпкъ Зэкъуэтхэм я Зэгухьэныгъэм и секретарь нэхъыщхьэ Гуттериш Антониу зэрызыхуигъазэ лъэIу тхылъыр.

А статусыр Абхъазым къратмэ, абы Iэмал иIэнущ ООН-м щекIуэкI зэпсэлъэныгъэхэм хэтыну. Ардзинбэ зэрыжиIамкIэ, ООН-м и Уставым итхэм я нэхъыщхьэщ лъэпкъ мащIэхэмрэ куэд хъухэмрэ я хуитыныгъэхэр зэхуэдэу къызэгъэпэщыным а зэгухьэныгъэр зэрыхущIэкъур.

«Дэ дыхуейщ Абхъазым и макъыр дуней псом щызэхахыну. Ди къэралым щыщыIэ щытыкIэр дэ езым хэIущIыIу тщIыжыфу щытын хуейщ», - жиIащ министрым.

КъулыкъущIэхэр тепсэлъыхьащ ООН-м зэпIэзэрыту зэрызиужьым теухуа зэхыхьэ Абхъазым зэрыщрагъэкIуэкIынум. Абы хэтынущ Борисов Алексеи хамэ къэралхэм щыщ хьэщIэхэри. ЗэIущIэр гъатхэм къызэрагъэпэщыну я мурадщ.

**НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.**

# Махуэшхуэм ирихьэлIэу

**Урысей Федерацэм къэрал кIуэцI Iуэхухэмк Iэ и министр, полицэм и генерал Колокольцев Владимир видео-конференц щытыкIэм иту ехъуэхъуащ Урысей МВД-м и аппарат нэхъыщхьэмрэ щIыналъэ органхэмрэ я лэжьакIуэхэу звание хэхахэр зыхуагъэфэщахэм.**



УРЫСЕЙ МВД-м и щIыналъэ органхэм я унафэщIхэу гулъытэ зыхуащIахэм ящыщщ къэрал кIуэцI Iуэхухэмк Iэ министру КъБР-м щыIэ Павлов Василий Пётр и къуэр, полицэм и генерал-лейтенант цIэ лъапIэр зыхуагъэфэщар. Абы теухуа Указым мазаем и 17-м Iэ щIидзащ Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир.

И лэжьэгъухэм защыхуигъазэм, министрым къыхигъэщащ къэралым и Iэтащхьэм къищта унафэр абыхэм я зэфIэкIхэр къэзыгъэлъагъуэу зэрыщытыр. «Фщыщ дэтхэнэми IэщIагъэм Iэижь фыхуэхъуным хуэунэтIа, гугъуехьрэ жэуаплыныгъэрэ зыпыщIа гъуэгуанэшхуэ фи IэнатIэхэм щызэпыфчащ, унафэ щIынымкIэ зэфIэкIышхуэ фиIэщ, къэралым хабзэр къыщызэгъэпэщыным хэлъхьэныгъэшхуэ хуэфщIащ».

Урысей МВД-м и Iэтащхьэм къыхигъэщащ къулыкъущIэхэм хуащIа къэрал гулъытэм цIыхухэр щIэпхъаджагъэхэм щыхъумэным хуэунэтIа лэжьыгъэр нэхъри егъэфIэкIуэнымкIэ къалэнышхуэхэр я пщэ зэрыдилъхьэр: «Сыщогугъ къыфпэщылъ къалэнхэр нэгъэсауэ гъэзэщIэным фи къару псори ефхьэлIэну».

Колокольцев Владимир Урысей МВД-м и лэжьакIуэхэм ехъуэхъуащ адэкIи ехъулIэныгъэщIэхэр зыIэрагъэхьэну.

*КъБР-м щыIэ МВД-м и пресс-IуэхущIапIэ.*

# Лъэпкъым и пщIэр зыIэт щIалэ



**Республикэм и щIалэгъуалэ куэд къэралым и щIыналъэ зэмылIэужьыгъуэхэм щытхъухэр яIэу щолажьэ. Абыхэм ящыщ зыщ нобэ зи гугъу фхуэсщIыну щIалэр - Саратов къалэм Травматологиемрэ ортопедиемкIэ дэт щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым и травматолог, хирург-ортопед, медицинэ щIэныгъэхэм я кандидат Емкъуж Олег. Илъэс 16 хъуауэ ар мы IуэхущIапIэм щолажьэ, шэч хэмылъуи, а зэманым къриубыдэу лэжьыгъэ и пIалъэ хъарзынэу къищIащ икIи нобэ ар Iэзагъышхуэ зыбгъэдэлъ дохутыру къалъытэ.**

СЭРИ згъэунэхуащ Олег и зэфIэкIыр зыхуэдэр. Куэд щIауэ си къупщхьэ зэрытыпIэхэр къызэузырт, ауэ операцэ езгъэщIыну сытемыгушхуэурэ екIуэкIырт. Сытми, тIэкIуи хэзгъэтIэсауэ, сытегушхуэри, нэгъабэ и шыщхьэуIу мазэм сыщIэгъуэлъхьащ Саратов дэт щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым, операцэ сащIын хуейуэ. Пэжыр жысIэнщи, Емкъужыр сцIыхуртэкъым, ауэ и хъыбарыфI куэд зэхэсхати, абы срихьэлIэну сыхуейт. «Дауэ хъуми, ди лъахэм щыщщ, абы къищынэмыщIауи, Iэзагъышхуэ зыбгъэдэлъ IэщIагъэлIу жаIэ, а щIалэм срихьэлIамэ, си гур нэхъ псэхунут», - жысIэурэ сегупсысырт икIи щIэмычэу Тхьэшхуэм селъэIурт дызригъэхьэлIэну.

Палатэм сыщIашэри, дакъикъэ бжыгъэ нэхъ дэкIауэ, щIалэ лъагъугъуафIэ гуфIэжу къысщхьэщыхьащ. Къызэплъщ, си щытыкIэм теухуауэ зыгуэрхэмкIэ къызэупщIри: «Умыгузавэу, зыгъэпсэху, Тхьэм жиIэмэ, уи Iуэхур тэмэму зэфIэкIынущ. Операцэ узыщIынур сэращ: си цIэр Олегщ, Емкъужхэ сарейщ», - къызжиIащ. Си анэ къилъхуа си дэлъху къысщхьэщытым хуэдэу къысщигъэхъуащ а щIалэм къыпкърыкIа гуапагъэм, абы и нэгум къищ угъурлыгъэмрэ гумащIагъэмрэ сызэрыгузавэр сщхьэщахри, гупсэхугъуи къызатыжат.

Олег зэрыжиIам хуэдэу, операцэр тыншу зэфIэкIащ. Мазих дэкIмэ, етIуанэ операцэр къыспэщылъти, ари иджыблагъэ сщхьэщыкIащ. Си псалъэхэр схурикъунукъым Емкъуж Олег сызэрыхуэарэзыр къэсIуэтэну. Сэ абы сызэрыщыIам къриубыдэу а щIалэр зэIэзэ адрей сымаджэхэми абы фIыщIэ хуащIу куэдрэ зэхэсхащ, нэгъуэщI лъэпкъ щыщхэр си лъахэгъум къызэрыщытхъум сэри сригушхуэрт.

Сымаджэм и плъапIэр дохутырырщ, абы къыпхилъхьэ фIэщхъуныгъэми куэд елъытащ. Ар фIы дыдэу къызыгурыIуэ Емкъужым жэуаплыныгъэшхуэ хэлъу и лэжьыгъэр ирехьэкI, дэтхэнэми бгъэдыхьэкIэ щхьэхуэ къыхуигъуэтыфу, я гукъеуэр зыхуэдэр зригъащIэрэ, адэкIэ я Iуэху зэрыхъунум теухуауэ чэнджэщ яриту. Апхуэдизк Iэ бзэ дахэ Iурылъщи, и псалъэ гуапэхэм сымаджэм гугъэ ирегъэщIыж. Дохутыр IэщIагъэр къыхэзыха дэтхэнэри Емкъуж Олег хуэдэу щытамэ, абыхэм яхуэмыарэзы зы сымаджи щымыIэнт.

КъызыхэкIа лъэпкъым и пщIэр зыIэт, цIыхугъэ лъагэ, нэмыс зыхэлъ щIалэм узыншагъэ быдэ иIэу, гуфIэгъуэр и куэду, и IэщIагъэ мытыншым и хъер илъагъуу, и адэ-анэм я жьауэм щIэтрэ и унагъуэ дахэр ефIакIуэу, и ехъулIэныгъэхэм хэхъуэу Тхьэм куэдрэ игъэпсэу!

**ПЫЛ Ямыдэ (Ритэ).**
*Сэрмакъ къуажэ*

*Бэхъунэ Жаннэ Старэ Шэрэдж (Дохъушыкъуей) къуажэм щыщщ. Налшык щэнхабзэмрэ гъуазджэмкIэ колледжым дирижёр IэщIагъэм щыхуеджащ, Гнесинхэм я цIэр зезыхьэ урысей академиер къиухащ продюсер IэщIагъэмкIэ диплом плъыжь иIэу. «Zhan Bakhun» продюсер центрым и унафэщIщ. Я IуэхущIафэхэмрэ и гъащIэ гъуэгумрэ ятеухуауэ депсэлъащи, къыджиIам ди гуапэу фыщыдогъэгъуазэ.*

# Гупсысэм хиш лъагъуэ

**- Гнесинхэм я цIэр зезыхьэ академием ущIэтIысхьэныр, ущеджэныр гугъут?**

- УщIэтIысхьэныр гугъут. Ауэ абы нэхърэ нэхъ гугъужыр си унагъуэм саутIыпщынырт. Налшык макъамэмкIэ колледжыр къыщызуха нэужь, сыукъуэдият си щIэныгъэм Москва щыпысщэну. Ди унагъуэр хуейтэкъым абы еувэлIэну. Зи жыIэм утекIынкIэ Iэмал зимыIэ си анэшхуэр и «хьэуэм» схутечыртэкъым. Ауэ сэри сыерыщт, ещанэ класс лъандэрэ сэ абы сыщеджэну быдэу си гум илът. Си дэфтэрхэр щезгъэхьын хуей пIалъэр къыскIэщIикъузэрти, Iуэхур утыку къэсщIыпащ. «Мыр утIыпщын хуейщ. Еджэным хуопабгъэ, дауэ зэрыдубыдынур?!» - жиIат абы щыгъуэм си адэшхуэм. Къэрэндащ къасщтэщ, зэгурыIуэныгъэ стхыри, арэзы къэсщIым Iэ трезгъадзэурэ, иужь дыдэу си анэшхуэм щIезгъэдзат.

Зэгуэр си адэм къыдеджа, и ныбжьэгъуу щыта телефонкIэ къэпсэлъауэ, си хъуэпсапIэм и гугъу хуищIащ. Ар Подмосковьем щыпсэурт. «Къэгъак Iуэ, сыдэIэпыкъунщ», - къыжриIащ. ГъэщIэгъуэнтэкъэ: илъэс тIощI нэблагъэкIэ зэрымыщIауэ, иджы и телефоныр къигъуэту къэпсэлъэн хуейуэ иухат... Си адэшхуэр диплом плъыжькIэ къэзгъэгугъэри, сежьат.

**- Ещанэ класс лъандэрэ уи хъуэпсапIэу жыбоIэ академиер...**

- Аращ. Ещанэ класс лъандэрэ сехъуапсэу щытащ дохутыр сыхъуну. ИтIанэ макъамэ школым сагъэкIуащ. Дезыгъаджэр пианинэ зэреуэм сыдихьэхырти, селъэIуурэ езгъауэрт. Зэгуэр си псэр ихьэхупат. «Сыту дахэу уеуэрэ пианинэм! Дэнэ ущеджар?» щыжысIэм, «Москва Гнесинхэм я цIэр зезыхьэ академием», - къызжиIат. «Сэри абы сыщеджэнущ, ин сыхъумэ»,- изубыдат си гум.

**- Москва дауэ къыпIущIа?**

- Зи хьэл-щэнкIэ, бзэкIэ, дуней тетыкIэкIэ, динкIэ зэщхьэщыкI цIыху уэрым сахэхуат. Унэм сызэрыщагъэфIар зыщызгъэгъупщэн хуейт икIэщIыпIэкIэ. Балигъ сыщыхъуащ, си гупсысэмрэ си къарумрэ зэпэслъытыжу зыщезгъэсащ Москва. Си щхьэ нэхъ дэIэпыкъуэгъу сиIэнутэкъым. Ар куэд и уасэ зыгъэунэхужыпIэщ, къапщтэмэ. Уеблэмэ зи щIалэгъуэм чэнджэщ естынт зэгуэр адэ-анэм я жьэгур ябгынэу, езыхэм зыкъагъуэтыжыну. Моуэ, зы мардэ гуэрым зэщхьу иубыдауэ щытщ куэдым я гъащIэр. Псалъэм папщIэ, пщащэр хабзэ гуэрхэм тету, IуэхущIафэ къызэрыгуэкI гуэрхэр ищIэурэ унагъуэ йохьэ. Йохьэри, абдежми нэгъуэщI зы мардэ къыщыпоплъэ. Ар мащIэщ. Псэр лъагапIэ гуэрхэм лъэгъэIэсын хуейщ, ар дахагъэкIэ псыхьа хъун папщIэ.



**- ЩIэныгъэ зэбгъэгъуэтри къэбгъэзэжащ. ИтIанэ - щэ?**

- Къэзуха нэужьи зыкъомрэ сыщыIащ Москва. Сыкъэнэн гупсысэри сиIащ. Сыщылэжьэну сыхуейт. Ауэ лэжьапIэу сыздэувым мазэ бжыгъэ нэхъыбэ зыщызгъэгувэртэкъым. Иужьым, сыщылэжьащ Ногинск театрым, режиссёрым и дэIэпыкъуэгъуу. Куэдым зыщыхуэзгъэсащ абы. Сигуми дыхьэрт. Ауэ абыи сыкъыщынакъым. Сэ иджыри зыкъэслъыхъуэжырт, си IуэхущIафэхэм, си псэуныгъэм зыгуэр къэтт. А къэтым сылъыхъуэрт.

ПщIыхь гуэр слъэгъуат Москва сыщыIэу... ХьэтIохъущокъуэм и жыг хадэм ситт. Зы лIыжь тест тетIысхьэпIэм. Псыутхым деж теса жэнэт бзу цIыкIур толъэтри, абы гъунэгъу зыхуещI. ЛIыжьыр сэ къызоплъ. Къызоплъри, абы теухуа хъыбар сэ сщIэ хуэдэщ: и щIалэгъуэм ар щIыпIэ жыжьэм щыIат, щеджат. Зыкъысхуегъазэ: «Сэ къэзгъэзэжащ. Къэзмыгъэзэжами, сыщIегъуэжынут. Мыращ сэ си жэнэтыр». И нэр къыстреубыдэ. СыкъэуШри, пщIыхьыр зыщызгъэгъупщэну сыхэтащ. Ауэ зы махуэ гуэрым, щхьэусыгъуэ гуэри имыIэу зыкъэсп хъуатэри, лэжьапIэм сыкъызэрыIукIымкIэ дэфтэр стхащ. Москва сыщызэгъакъым. СыкъызыкIэридзыжауэ жыпIэ хъунущ.

Иджыри Москва сыщыIэу, продюсер центр мыбы щызгъэлэжьэну дэфтэрхэр зэзгъэпэщат. Ауэ дэфтэр фIэкIа Iуэху щыпщIэ хъун пэш къудеи сиIэтэкъым. «Усыгъэм - сыхьэтитI» проектыр къызэзгъэпэщащ. Усэ дахэу дыкъеджэу, сыткIи зыхуей хуэзэу дгъэщIэрэщIэжрэ псори зэрыс интернетым щыдгъэлъагъуэмэ дауэ хъуну?! Апхуэдэ гупсысэ си щхьэм къихьати, Котляровэ Марие и деж сыпсалъэри, сечэнджэщащ абыкIэ. Сытригъэгушхуащ, цIыху зэхуэшэсынымкIи къыздэIэпыкъуащ. Видео щытетхыну япэ махуэм усэ къеджэну цIыху 40 къэкIуат. Ар куэдыIуэт, ауэ дыкъикIуэтакъым. Тетхащ, интернетым деж «IэIэт» къыщызэIутхащ, дыкъацIыхуащ, ди хъыбарыр зэбгрыкIащ, телевиденэми гулъытэ къытхуищIащ. Ауэрэ, артистхэри къезгъэблагъэурэ къезгъаджэу къэзублащ. Гъунэгъу республикэхэм къикIыурэ ди проектым цIыхухэр къыхыхьэ хъуащ. Москваи щедгъэкIуэкIащ пшыхь.

Сыт усэ къеджэхэм видео ятехыным мыхьэнэ нэхъ щIеттыр жыпIэмэ, къэнэну сыхуейщи аращ. Iуэху дахэ гуэрым ухэтрэ узэбгрыкIыж къудей мыхъуу, къытебгъэзэжрэ уеплъыж хъумэ нэхъ къэсщтащ. Усэхэм шхапIэхэм дыкъыщеджэрт, ауэ центрыр щылэжьэн IуэхущIапIэ сызэримыIэти, Профсоюзхэм я унэм деж бэджэнду пэш къыщысщтауэ щытащ.

Псори хъарзынэу екIуэкIырт, ауэ зыгуэр схурикъуртэкъым, сыарэзытэкъым. Iуэхушхуэ гуэрхэм сыхыхьэрти, сыкъыхэнэфтэкъым икIи зезгъэужьыну Iэмал згъуэтыжтэкъым: си гупэм бжэуэ хъуар щызэIууэжырт. IуэхукIэ сызыпыщIаIа хъуми, пIалъэ яIэти, лъэужьыншэ хъужырт. ГукIи псэкIи арэзы сыкъищIу, си щIакхъуэ Iыхьэр хьэлэлу къризлэжьыну зы IуэхущIафэ къызитыну Тхьэ селъэIурт. Егъэджэныгъэм хуэунэтIауэ зы Iуэху къезгъэжьэну сыхуейти, КъурIэн къеджэкIэм хуегъэсэныр къызэзгъэпэщащ. ИтIанэ зиубгъуащ. Иджыпсту инджылызыбзэми щыхудогъаджэ, актёр зэфIэкIым щыхудогъасэ «Zhan Bakhun» продюсер центрым.

**- «Усыгъэм - сыхьэтитI!» проектым и фIэщыгъэм дауэ укъытеувыIа?**

- Республикэм къыщызгъэзэжам ирихьэлIэу «Два часа, ради которых стоит жить» зыфIэсща си тхылъыр Москва къыщыдэкIащ. Абы хэт «сыхьэтитIырщ» проектым и цIэр къызытехъукIар. Тхылъым си махуэрытхэм къистхыкIыжа гупсысэхэр щызэхуэсхьэсащ.

*Епсэлъар* **ГУГЪУЭТ Заремэщ.**
*Сурэтыр* **Рыжковэ Галинэ** *трихащ.*

# ЛIыхъужьыгъэм и дерсхэр

Урысей ФСИН-м и управленэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэм и уголовнэ-гъэзэщIакIуэ инспекцэм и лэжьакIуэхэр иджыблагъэ щыIащ Шэджэм къалэм дэт курыт школ №2-м икIи абы и 8 - 9-нэ классхэм щIэсхэм драгъэкIуэкIащ «ЛIыхъужьыгъэм и дерсхэр». Хэкум и хъумакIуэм и махуэм и щIыхькIэ къызэрагъэпэща Iуэхур хуэунэтIат щIэблэр хэкупсэу, хахуэу гъэсэным.

ЗэIущIэм хэтащ КъБР-м и уголовнэ-гъэзэщIакIуэ къулыкъум и ветеран Сотников Александр, «ЛIыхъужьхэм я зэкъуэшыгъэ» урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм хэт Габоев Алий, МВД-м Шэджэм щIыналъэм щиIэ къулыкъущIапIэм балигъ мыхъуахэм я IуэхухэмкIэ и къудамэм и лIыкIуэ Джэрыджэ Жаннэ, УФСИН-м Шэджэм щIыналъэм щиIэ IэнатIэм и унафэщI Теувэжыкъуэ Мухьэдин сымэ.

ХьэщIэхэр ныбжьыщIэхэм яхутепсэлъыхьыжащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ щIалэ хахуэхэр Афганистаным щекIуэкIа зауэм зэрыхэтам. Нэхъыжьхэм щIэблэр хуаущиящ дэтхэнэ зыми и пщэ къыдэхуэ къалэныр щIыхь пылъу игъэзэщIэным хуэхьэзыру, жэуаплыныгъэ хэлъу зэрыщытыпхъэм.

Абы нэмыщI еджакIуэхэр документальнэ фильм ирагъэплъащ совет зауэлIхэм Афганистаным къыщагъэлъэгъуа лIыхъужьыгъэм теухуауэ.

**ЗЭБАР Мадинэ,**
*КъБР-м щыIэ УФСИН-м и пресс-IэнатIэм и унафэщI.*





# Мэзылъэ шытхырщ я хэщIапIэр

**Мывэ хъуреишхуэхэм нэхъыбэу Америкэ Курытым, Америкэм и Штат Зэгуэтхэм (США), Новэ Зеландием, Румынием, Къэзахъстаным, Бразилием, Урысей Федерацэм ущыхуозэ. Ди щIыналъэми ахэр щыкуэдщ.**

ШЭРЭДЖ псыхъуэ удэту Къэщкъэтау тIэкIу уфIэкIыжмэ, ижьрабгъумкIэ зыкъыщызэкъуэзыхыу къуэладжитI ущыхуэзэнущ. Дэтхэнэми и кIыхьагъыр километри 4-м щIегъу, щежэхыр псынэпсщ. Арщхьэк Iэ, мы къуэхэм нэр дахьэхыркъым, теплъэ дахэ зэрамыIэм къыхэкIыу. Я лъащIэм щызэпыхьэ джабэхэр дэкIыгъуейуэ зэрыщытым и мызакъуэу, щIыр и нэхъыбэм зэрызэхэлъыр зэмыпцIа ятIагъуэщи, щыгуэщэщыр нэхъыбэщ. Къыгуэухэр зыхэхуэ псы цIыкIухэри щIыфэ-гъуэбжафэу утхъуа зэпытщ. Езы къуэ кIуэцIхэми, жыгхэр зэрыщызэтеукIурием къыхэкIыу, ущызэхэзекIуэну гугъущ. ТIуащIэм щыпэрыхьэт къэкIыгъэхэм япыт пщIащэ Iувыщэм дыгъэ бзийр зэрыпхымыпсыкIыфыр абы къыхэгъэхьэжи, гурыIуэгъуэщ къуэладжитIыр цIыху кIуапIэ щIэмыхъур. КъимыдэкIэ, апхуэдэ щIыпIэ дэгухэращ мывэ хъуреишхуэхэм уащыхуэзэр.

Зэман кIыхьым къриубыдэу зэрызэтрищIэм къыхэкIыу, зи гугъу тщIы къэщIыгъэхэм геологхэр «конкрециекIэ» йоджэ, нэгъуэщI щIыналъэхэм щыпсэухэм «тхьэ топ» фIащащ.

Абыхэм, зэрызэхэлъ и лъэныкъуэкIэ, и нэхъыбэм лъабжьэ яхуэхъур мэзылъэбгылъэхэм куэду узыщрихьэлIэ мывэ-пшахъуэ хьэдзэхэу адэкIэ-мыдэкIэ щызэбгрыпхъахэрщ. Лъэхъэнэ кIыхьым къриубыдэу, адрей пкъыгъуэхэр абыхэм якIэропщIэжри, «тхьэ топкIэ» зэджэ хъуа мывэ абрагъуэхэр къагъэхъу.

Зи гугъу тщIы тIуащIэ цIыкIуитIым дызыщрихьэлIэ мывэ хъурейхэм я инагъцIыкIуагъкIи зэмыщхь куэд къахокI. Абыхэм яхэтщ Iэгу ущIам ихуэнухэри, зи къэухьыр метри 3 - 4-м щIигъухэри. Зи гугъу тщIы къуэладжитIым мывэ топхэр апхуэдизу «щызэбгрыдзащи», псыр зи жапIэ ныджэри, абы зыкъытезыгъащIэ джабэ нэкIухэри я хэщIапIэщ. Иныкъуэхэм дежи «тхьэ топхэр» Iувыщэу зэхэтщ.

Зэ еплъыгъуэкIэ къыпщыхъунущ мывэ хъурейхэм я нэхъ абрагъуэхэр иныжьхэм я джэгуалъэу зэгуэрым щытыгъауэ, апхуэдизу ахэр, щIыуэпсым къигъэщIауэ зэрыпщIэн щымыIэу, джафащэщи. Дапхуэдэу щымытми, «тхьэ топхэр» телъыджэщ, «цIыхухэр Iузгъэплъащэрэт» яхужыпIэну. АрщхьэкIэ, ахэр дызытепсэлъыхь мэзым къыIэщIэгъэкIынми, тафэм къилъэфэнми гугъуехь Iэджэ пыщIащ. Сыту жыпIэмэ, япэрауэ къуэладжэхэм укъызэрыдэкIын гъуэгу дэбгъуэтэнукъым. ЕтIуанэрауэ, мывэ хъурейхэр жьыхулъатэкIэ къэпIэтынущи, жыг гуэрэныбэм упхыкIыфынукъым. Ещанэ щхьэусыгъуэу нэхъ Iеижыр мывэ топхэм тон бжыгъэ зэрахьэлъагъырщ.

Мы щIыпIэм нэгъуэщI «конкрецие» лIэужьыгъуэхэми уащрохьэлIэ. ГъэщIэгъуэнщ, ауэ, щIэныгъэлIхэм зэрыхуагъэфащэмкIэ, абыхэм я къэунэхукIэ хъуар нэгъуэщIщ: пшахъуэ-мывалъэхэр армырауэ, къэкIыгъэхэм я кIэрыху-бжьэрыхухэмрэ нэщIэпкIэ цIыкIуу зэмылIэужьыгъуэхэмкIэщ.

Ауэ щыхъукIи, ди планетэм геологие и лъэныкъуэкIэ и къекIуэкIыкIар зэрыбдж хъуну ятIагъуэ-карбонат мывэ зэпцIахэр ди республикэм пхрыкI Мэзылъэ шытхым щыкуэдщ.

**КЪУМАХУЭ Аслъэн.**

## Дунейм щыхъыбархэр

### ЩытыкIэр щызэщIоплъэ

**Дуней псор жумыIэнумэ, цIыху куэд дыдэ егъэгузавэ мы махуэхэм Донбассым къыщыхъухэм.**

«ЗЭГУРЫМЫIУЭ гуIэгъуэ къешэ», жеIэ адыгэ псалъэжьым. Политикхэм я зэпэщIэтыныгъэм, зэныкъуэкъум бэлыхь хидзащ лажьэрэ шхэжу, щхьэж и Iуэху дигъэкIыу дунейм тетын гуращэхэр зиIэ цIыху къызэрыгуэкIхэр. Украинэм мызэмытIэу къызэпиудащ Минск щызэращIылIа мамыр зэгурыIуэныгъэм къыщыгъэлъэгъуахэр.

Украинэм и дзэр мазаем и 19-м топхэмкIэ еуащ Луганск, Донецк республикэхэм яхуиIэ гъунапкъэхэм пэгъунэгъу жылэхэм. Абыхэм щыпсэухэр щIэгужьеям щхьэусыгъуэ иIэщ - къэхъуам цIыхуи хэкIуэдащ, псэуалъэ куэди зэтракъутащ. ХэкIыпIэу ялъагъур аращи, гузэвэгъуэ хэхуахэм я щхьэр а щIыпIэхэм кърах - япэ гупыр Урысейм и Ростов областым къагъэIэпхъуакIэщ. ДНР-м къызэрымыкIуэ щытыкIэхэмкIэ и министерствэм зэрыщыжаIамкIэ, цIыху мин 700 къэрашыну я мурадщ зауэ къыщыхъеинкIэ шынагъуэ я щIыналъэм.

Донбасс республикэхэм я унафэщIхэм нэхъ пасэу зэрызыкъыхуагъэзам ипкъ иткIэ, УФ-м и Президент Путин Владимир мазаем и 21-м Iэ щIидзащ а хэкухэр къэрал щхьэхуиту Урысейм къызэрилъытэм теухуа указым.

«Куэд щIауэ зи чэзу унафэр къэтщтэн хуейуэ къызолъытэ: Донецк цIыхубэ республикэмрэ Луганск цIыхубэ республикэмрэ зи щхьэ и унафэ зыщIыж къэрал щхьэхуиту зэрыщытыр икIэщIыпIэкIэ къэлъытапхъэщ. Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым зыхузогъазэ а унафэр къыздиIыгъыну, апхуэдэуи дызэныбжьэгъуным, дызэдэIэпыкъуным теухуауэ республикитIми етщIылIэ зэгурыIуэныгъэм къару иритыну. ЦIыху мамырхэм куэд щIауэ лей къащытохьэ а республикэхэм, лажьэншэхэр яукI, я хуитыныгъэхэр къызэпауд. ЖыпIэнурамэ, абы кIэи пэи иIэкъым», - къыхигъэщащ Путиным а унафэм щытепсэлъыхьым.

Политологхэм зэрыхуагъэфащэмкIэ, а унафэр хуэщхьэпэнкIэ хъунущ республикэщIэхэр Украинэм тегушхуэгъуафIэ имыщIыным. Апхуэдэу щытми, щытыкIэр а щIыналъэхэм щIэх зэпIэзэрыт зэрыщымыхъужынури гурыIуэгъуэщ.

### Шылъэгу нэхъ ин дыдэм хуэдэу мин 860-рэ

**Коронавирус узыфэм зыщиубгъуа мы лъэхъэнэм щIыуэпсым къыщыхъу зэхъуэкIыныгъэхэр яфIэтелъыджэщ дыкъэзыухъуреихь дунейр хъумэныр къалэн зыщызыщIыжахэм.**

ДЫЗЭРЫЩЫГЪУАЗЭЩИ, зы илъэс хуэдэкIэ узэIэбэкIыжмэ, щIыуэпсым и хъумакIуэхэм цIыхухэм гу лърагъэтауэ щытащ дунейм «зэрызигъэпсэхужам» - тенджызхэр, псыежэххэр нэхъ къабзэ зэрыхъужам, бдзэжьейхэр, псэущхьэхэр зэрыбэгъуэжам. ЩIыуэпсым егуауэхэм зэхащIыхьэр зигу темыхуэхэр, уеблэмэ, щогуфIыкI хуиту дунейм къытехьэну цIыхухэм Iэмал зэрамыIэм - яуцIэпIыр, зэраныгъэу къахьыр хэпщIыкIыу нэхъ мащIэ хъуауэ жаIэ.

Псалъэм папщIэ, Пакистаным и псы Iуфэ пшахъуэщIхэм мы зэманым шылъэгухэм щаIутIыжщ. Карачи къалэм пэгъунэгъу зыгъэпсэхупIэм сыт щыгъуи цIыху щопэкIу, ауэ мы зэманым куэд тегушхуэркъым зэхуэсыпIэхэм кIуэнуи, щIыпIэр нэщIщ. Ар къагъэсэбэпащ псэущхьэхэм, къапщтэмэ, мащIэ дыдэ фIэкIа мыхъу шылъэгу лIэужьыгъуэхэм.

«Мы зэманым ди нэгу щIокI шылъэгухэр мы щIыпIэм куэду къызэрыIэпхъуэр. Иужьрей мазищым къриубыдэу абыхэм джэдыкIэ миних хуэдиз ягъэтIылъащ. Дэ шылъэгухэм деплъакIуэурэ я гъэтIылъыпIэхэр зыдогъащIэ. Езыхэр абдеж къыIукIыжа нэужь, джэдыкIэхэр къыдощтэ, хьэхэм е ахэр зыщэж браконьерхэм яIэрымыхьэн щхьэкIэ. ДжэдыкIэхэр инкубаторым изолъхьэри, Алыхьым сигукIэ солъэIу абыхэм зыри зэран яхуэмыхъуну. Махуэ 40 - 45-рэ дэкIа нэужь шылъэгу шыр цIыкIухэр дунейм къытехьэнущ икIи ахэр псым хэзутIыпщхьэжынущ, бэгъуэжын папщIэ», - жеIэ щIыуэпсым и хъумакIуэ Джавед Мухьэмэд.

Мы зы лъэхъэнэм къриубыдэу тенджызым шылъэгу шыр 900 хаутIыпщхьэжащ. Мухьэмэд хэтщ «Тенджыз шылъэгухэр къезыгъэл гупым», 1970 гъэм къызэрагъэпэщауэ абы лъандэрэ лажьэм. А зэманым къриубыдэу абыхэм Хьэрып тенджызым хаутIыпщхьащ дунейм щынэхъ ин дыдэ шылъэгу щхъуантIэ лIэужьыгъуэм хуэдэу мин 860-м щIигъу.

### Нобэ

♦ **Кувейтым и лъэпкъ гуфIэгъуэщ - Британием къыхэкIыу къэрал щхьэхуэ щыхъуа махуэр (1961 гъэм) егъэлъапIэ**

♦ **1946 гъэм** Дзэ Плъыжьым зэреджэр Советыдзэ жиIэу зэрахъуэкIащ.

♦ **1916 гъэм** къалъхуащ тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор, КъБКъУ-м и япэ ректору щыта **Бэрбэч ХьэтIутIэ**.

♦ **1930 гъэм** къалъхуащ филологие щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **КIуэкIуэ Джэмалдин**.

♦ **1952 гъэм** къалъхуащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэу лэжьа, ЩIДАА-м и академик, КъБР-м щIыхь зиIэ и юрист **Ажахъуэ Къанщобий**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уфауэ щыщытынущ, пIалъэ-пIалъэкIэрэ уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градуси 6 - 9, жэщым градуси 3 - 4 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар* **ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

**Лъэпкъ Iущыгъэ:**

**Бэрэ хашэ иш фIокIуэд.**

**Къэрал статистикэмкIэ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм щыIэ IуэхущIапIэм и управленэм къызэритамкIэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым 2021 гъэм пхъэщхьэмыщхьэрэ мэракIуэ лIэужьыгъуэу къыщрахьэлIащ тонн мин 535-рэ.**

# Хадэхэм къахохъуэ

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым пхъэщхьэмыщхьэу къыщрахьэлIэм я бжыгъэм хэзыгъэхъуар ди щIыпIэм езэгъ жыг лъэпкъыфIхэр куэду зэрыхасарщ. Гуапэщ жыг лъэпкъыфI къэзыгъэкI щIыналъэ нэхъыфIищым ди республикэр зэрыхэтыр.

Ди щIыпIэм нэхъыбэу щыхасэхэм ящыщщ мыIэрысейр, къыпцIейр, кхъужьейр, шэдыгъуейр, хуэрэджейр, мамкъутейр, щIы мэракIуэр, нэгъуэщIхэри. Апхуэдэуи, иужьрей зэманым мэракIуащхъуэр куэду хасэ хъуащ.

**НАФIЭДЗ Мухьэмэд.**

# Ислъамым и нур



НапэкIуэцIыр зыгъэхьэзырар
ЧЭРИМ Марианнэщ

## Муслъымэн лэжьакIуэщ пщащэм епсэлъэн хуеяр

**УФ-м и Муслъымэнхэм я IуэхущIапIэм и унафэщIым и япэ къуэдзэ Мухетдинов Дамир зэгуигъэпащ къэралым и гуп къыхэхауэ Олимпиадэм щыIэм и чыристан духьэшыр Валиевэ Камилэ зэрыIущIам.**

ЗЭХЬЭЗЭХУЭМ адэкIи хэтынрэ хэмытынрэ зэхагъэкIыху, къытеззрыхьа бэлыхьымрэ цIыху гулъытэ егъэлеямрэ хъыджэбз цIыкIур гугъу зэрырагъэхьам щымыгъуазэ куэд къэралым къинэжа къыщIэкIынтэкъым Пекин щызэхэта Олимпиадэр щекIуэкIым. Арати, пщащэм игу къызэригъэгъуэтыжын мурадкIэ, гуп къыхэхам и гъусэу Олимпиадэм здашауэ къыщIэкIа протоиерей Алексеев Андрей Валиевэ Камилэ хуэзащ. «Дэ зэадэзэпхъу хуэдэу хъарзынэу дызэпсэлъащ», - хэIущIыIу ищIащ иужькIэ дин лэжьакIуэм хъыджэбз цIыкIум щIэгъэкъуэн зэрыхуэхъуар.

Къэхъуам Мухетдинов Дамир щытепсэлъыхьащ и фейсбук напэкIуэцIым: «Мы махуэхэм апхуэдизу гугъу ехьа, муслъымэн унагъуэм къыхэкIа Валивэ Камилэ чыристан духьэшы зэрепсэлъам дэ къыджиIэр IуэхугъуитIщ: 1) Олимпиадэм щыIэ ди спортсменхэм православ дин лэжьакIуэ я гъусащ. 2) Урысейм диниплI щызекIуэрэ пэт, чыристанхэм къинэмыщIа, нэгъуэщI динхэм къабгъэдэкI лIыкIуэ Пекин здашакъым. Урысейм ис муслъымэнхэм къахь медалхэр адрейхэм ейхэм нэхърэ мыхьэнэншэу пIэрэ, жытIэу дгъэув упщIэм и жэуап дгъуэтыну къыщIэкIынкъым».

Сурэттеххэм я зым къиубыдащ Камилэ мылым техьэн ипэкIэ духьэ ищIу и Iэхэр къызэриIэтар. И япэ текIуэныгъэр хъыджэбз цIыкIум хуигъэфэщащ дунейм зэрехыжрэ куэд мыщIа и анэшхуэм. «ФIыуэ тлъагъуу димыIэжхэм я фэеплъу» - апхуэдэ гупсысэ иIэут Рихтер Кирилл зэритхар Камилэ и гум хыхьэу игъэзэщIа къафэм и макъамэр.

## «Узуняйла щыпсэуа адыгэ дин щIэныгъэлIхэр»





**Тыркум щыщ егъэджакIуэ, тхакIуэ Къущхьэ Эрдал и IэдакъэщIэкIыу, 2018 гъэм дунейм къытехьащ Урыс-Кавказ зауэ нэужьым хамэ щIыналъэр псэупIэ зыхуэхъуа адыгэ дин щIэныгъэлIхэм ятеухуа тхылъ.**

«КУЭДЫМ зэращIэщи, Узуняйлар Къайсэр щегъэжьауэ Сивас нэс зызыубгъу, и цIэм къызэрыхэщщи, кIыхьрэ лъагэу зызыукъуэдий тафэшхуэщ, - щетх Къущхьэ Эрдал тхылъым и пэублэм. - Языныкъуэхэм зэрыжаIэмкIэ, Уэсмэн къэралыгъуэм и политикэ фейдэкIэ, адрейхэм зэрыхуагъэфащэмкIэ, езыхэм я гукъыдэжкIэ, Кавказым ирахуа адыгэхэм я къэбэрдей къудамэм и нэхъыбэр щытIысар ущыпсэуну гугъу а щIыпIэращ. ИтIани, гугъуехьхэм щхьэкIэ къамыгъанэу, адыгэхэм яхузэфIэкIащ къалъыса щIы кIапэр лъэпкъыр адрейхэм къахэзыгъэщ, езыхэм къадекIуэкI щэнхабзэ гурыхьым и щапхъэ ящIыну».

Дин щIэныгъэлI плIыщIрэ зым я гъащIэ гъуэгур къыщыгъэлъэгъуащ зи гугъу тщIы тхылъым. Дэтхэнэ зыми и къежьапIэм, и цIыху хэтыкIэрэ и дин зехьэкIэу щытам щыгъуазэ зытщIыну Iэмал къыдет, а псори къыдгъэделъхьэ щхьэж и Iыхьлыхэм, иригъэджахэм, зыцIыхуахэм ягу къызэринэжа хъыбархэмкIэ. Тхылъым щIэщыгъуагъ лей къезытхэм язщ ар зытепсэлъыхь хьэлимхэм яухуа е езыхэр щылэжьа мэжджытхэм, щхьэж къыщIэна хьэпшыпхэм, зи фэ текIыжа я сурэтыжьхэм уаазэрыIуигъаплъэри.

ТхакIуэм зэрыжиIэмкIэ, абы и IэдакъэщIэкIыр тырку щIыналъэм щызэфIэува адыгэ дин щIэныгъэм теухуа ещанэ тхылъщ. Илъэс зыбжанэ ипэкIэ дунейм къытехьауэ щыташ Гёруджу Зэки и адэ Куржы Джэмал ефэндым теухуауэ итха лэжьыгъэмрэ профессор Атик Кемал и егъэджакIуэ Адэмей Хьэфиз ефэндым теухуауэ къыдигъэкIамрэ.

Къущхьэ Эрдал и тхылъыр зытеухуа щIэныгъэлIхэр Тыркум щыпсэуа щхьэкIэ, псоми я лъабжьэр Кавказым йокIуэлIэж. Куржыхэ, Мэремкъулхэ, БанэщIэжхэ, Къашыргъэхэ, ЩэныбэхэБжьэдыгъухэ, Ащхъуэтхэ... Дэтхэнэ унэцIэр къыпIуэн? Абы къикIращи, дин щIэныгъэр нобэ къагъэлъэгъуэну яужь зэритым хуэдэу, хамэу, хьэмэ ар адыгэ хабзэр IэщIыб пщIыну ухэзыгъэзыхь, цIыхур и псэмрэ фIыуэ илъагъу цIыхухэмрэ япэщIэзыгъэувэж гуэру зэи щытакъым, уеблэмэ хабзэм и фIыр диным игъэбагъуэу, ахэр фэрыщIыгъэншэу зезыхьэм къащхьэщыувэ нуру лъэпкъым къыдэгъуэгурыкIуащ.

Къущхьэ Эрдал и тхылъым хуэдэхэр нэхъыбэ хъунут, тхакIуэм дыкъызэрыхуриджэм тету, инагъцIыкIуагъкIэ зэхэгъэж дымыщIу, фIэщхъуныгъэ къабзэкIэ диным зэрыбгъэдэтамкIэ щхьэж и унагъуэ, и лъэпкъ, и къуажэ дэсахэм ятеухуа гукъэкIыжхэр къетхьэлIэжыфамэ.

Адыгэм лъэпкъ хьэл, къафэ, фащэ, Iэщэ зэриIэм хуэдэ дыдэу, дин зехьэкIэ хабзэ IупщIи лIэщIыгъуэ бжыгъэ хъуауэ зэрыбгъэдэлъым и щыхьэт наIуэщ зэкIэ хуиту дыкъызэмыджэф Къущхьэ Эрдал и тхылъыр. Гуращэ гуэр мы лэжьыгъэм епхауэ пщIы хъунумэ, хэкурысымрэ хэхэсымрэ нэхъ быдэу зэпыщIэжынымкIэ IэмалыфIт ар адыгэбзэкIи дунейм къытехьэныр. Мы напэкIуэцIри щIыщыIэр апхуэдэ гуэрщ. Дунейпсо щэнхабзэм щыцIэрыIуэ усакIуэхэм, тхакIуэхэм я тхыгъэхэм щыщ Iыхьэхэр, КъурIэн лъапIэм щыщ Iэятхэр, хьэдисхэр адыгэбзэм кърригъэзагъэу, Хэкум щатха усэхэр тыркубзэкIэ зэридзэкIыу апхуэдэщ Къущхьэ Эрдал. Абы гугъэфI къыдет «Узуняйла щыпсэуа адыгэ дин щIэныгъэлIхэр» мыгувэу адыгэбзэкIи дунейм къытехьэнымкIэ.

1992 гъэм щегъэжьауэ хэнейрэ Хэкужьым къэкIуа Къущхьэ Эрдал Къайсэр дэт Iимам-хъатIибхэр щагъэхьэзыр еджапIэр, иужькIэ Ислъам институтыр къиуха нэужь, Эскишехир, Анкара, Ван къалэхэм егъэджакIуэу щылэжьащ. Дызэрыт зэманым Айдын дэт колледжхэм я зым щрегъаджэ.

# Махуэгъэпс

## Шейтаным и Iэщагъэ фIейхэр

***Нобэ зи гугъу тщIынур икъукIэ Iуэху шынагъуэу, ди щIалэгъуалэр зэщIэзыщта, банэм хуэдэу ди лъэгум хэлъ, дытеувэхукIэ къыдэуз, лъэ быдэкIэ дызымыгъэув Iуэхугъуэхэм ящыщщ.***

ЗИ ГУГЪУ тщIынур акъылыр зыгъэутхъуэ фадэрщ, наркотик лIэужьыгъуэхэрщ, адэкIэ кальян, тутын хуэдэхэри абы хэвгъэхьэ. Ди жагъуэ зэрыхъущи, Алыхьым и нэфIыр зыщщыхуэнхэ, пщыхьэщхьэм нэмэзыр ящIрэ кальян клубхэм щызэхуэсыжхэр щIэсщ ди мэжджытхэм. Апхуэдэ зэхуэсыпIэхэр зыгъэлажьэхэри дэ къытхэтщ. Абы щыхьума хъуахэм Алыхьталэм фIыщIэ хуэдвгъэщI, адэкIи а лэжьыгъэ фIейм пэIэщIэ дищIыну девгъэлъэIу.

Алыхьым цIыхур къигъэщIауэ хъуам яхигъэлъэпIыкIащ. IэпкълъэпкъкIэ екIуу къигъэщIащ, абы дэбгъуэни, хэпхыни, щIыбгъуни щымыIэу. Тхьэшхуэр цIыхум къыхуэупсащ тхьэкIумэкIэ, нэкIэ, акъылкIэ, гукIэ. ИкIи къыщIыхуэупсар ахэр къэдгъэсэбэпурэ езы Алыхьышхуэм зэрыфIэфIым хуэдэу дыхуэпщылIын папщIэщ. «Жинри цIыхури къыщIэзгъэщIар Сэ къысхуэпщылIын къудей щхьэкIэщ», - щыжеIэ Алыхьышхуэм КъурIэн лъапIэм. Ди тхьэкIумэм зэрызэхихым и фIыгъэкIэ, Iэят лъапIэхэр, Бегъымбар лъапIэу щэлатымрэ сэламымрэ зэхам и хьэдисхэр, Иимамышхуэхэм я псалъэхэр зэхыдох, абы ущие къыхыдохыф. Алыхьталэм къигъэщIахэр, уафэми щIылъэми къаруушхуэ зэрыщызекIуэр ди нэмкIэ долъагъу. Ди гум, ди акъылым дрогупсысэ, ди сэбэп, ди зэран зыхэлъыр, хьэрэмыр, хьэлэлыр зищIысыр зэхыдогъэкI, шэч зыхэлъхэм защыдохъумэ. Алыхьталэм цIыхум и пщэм къалэн гуэр къыщыдилъхьэм деж, ар зэригъэзэщIэну и Iэпкълъэпкъри, и акъылри ихъумэжыну и фарзщ.

Мы динымкIэ зыгуэрым пцIы теплъхьамэ е зинэкIэ ухуэпсэлъауэ щытмэ, апхуэдэ цIыхум хуэфащэ тезыр ихьын хуейуэ щытщ. Зыгуэрым и мылъку къыфIэбдыгъуамэ е къытепхамэ, ари уегъэпшыныж. Апхуэдэ дыдэу, цIыхум и акъылыр тезыгъэкI, зыгъэутхъуэ гуэр зрихьэлIа иужь, абдежми Iэмал имыIэу абы тезыр къытохуэ. Алыхьталэм апхуэдэ гъунапкъэхэр щIигъэувар сыт жыпIэмэ, цIыхур мы дунейм екIуу, дахэу, шынагъуэншэу щыпсэун папщIэщ.

### Уи щхьэ зэран ухуэмыхъуж

Уа муслъымэнхэ! Алыхьталэм дэ нэгъуэщIым зэран дыхуэхъуным и закъуэ мыхъуу, ди щхьэми зэран едгъэкIыжу къытхуидэркъым. Псалъэм папщIэ, зыбукIыжыныр динымкIэ гуэныхь нэхъ ин дыдэхэм ящыщщ. «Фи IэкIэ зывмыукIыж», - щыжеIэ Алыхьталэм КъурIэн лъапIэм. Бегъымбару щэлатымрэ сэламымрэ зэхами къыбгъэдокI: «Хэт зиукIыжыну бгым зыщидзыжу щытми, ар жыхьэнмэм апхуэдэ дыдэу мафIэм зыхидзэжу хэтынущ. Ар дапхуэдизрэ зэрекIуэкIынур жыпIэмэ, «игъащIэкIэ, кIэ имыIэу». АдэкIэ къыпещэ Бегъымбар лъапIэу щэлатымрэ сэламымрэ зэхам: «Хэт зиукIыжыну щхъухь ирифу щытми, Къемэт махуэм ар жыхьэнмэ мафIэм хэтынущ, увыIэгъуэ имыIэу а щхъухьыр ирифу. Хэт гъущIхэкI гуэркIэ зиукIыжу щытми, апхуэдэ дыдэу Къемэт махуэм жыхьэнмэ мафIэм хэтынущ а гъущIыр и ныбэм хихуэжу, абыкIэ зиукIыжу, зэпыуи, къэувыIи, кIэи имыIэу».

Фегупсыс, Iиман къэзыхьахэ, Алыхьымрэ Къемэт махуэшхуэмрэ зи фIэщ хъуахэ! Мыр егъэлеяуэ узыгъэшынэ Iуэхущ, зыбукIыжу игъащIэкIэ жыхьэнмэ мафIэм ухэтыныр. НтIэ, абы хуэдэ дыдэщ, Алыхьыр арэзы зыхуэхъунхэ, фадэм уефэнри, наркотик гуэр зэпхьэлIэнри, ар сыт хуэдэ лIэужьыгъуи ирехъу. Абы адэкIэ а кальяным, тутыным уефэнри. ЩIэныгъэ зыбгъэдэлъ дохутырхэм къыжаIауэ щыIэщ кальяныр тутыным нэхърэ куэдкIэ зэрынэхъ зэраныр, абы уз Iейм хуэди, тхьэмбыл узыфэхэри къызэрыхэкIыр. Алыхьталэм уи Iэпкълъэпкъым зэран хуэхъу дэтхэнэ зыри хьэрэм зэрищIам хуэдэ дыдэу, уи акъылым и зэран псори хьэрэм ищIащ. Бегъымбар лъапIэу щэлатымрэ сэламымрэ зэхам къыжиIауэ Тхьэр арэзы зыхуэхъун Iибн Хьумэр къеIуэтэж: «Хъэмрым Алыхьым и нэлатыр телъщ». Хъэмрым фадэ лIэужьыгъуэ псори, цIыхум и акъылыр тезыгъэкI, чэф зыщI, жиIэмрэ ищIэмрэ имыщIэжу къэзыгъанэу хъуар хеубыдэ. Абы ефэми езыгъафэми, ар къэзыщэхуми къезыгъэщэхуми, ар зыхьми зыхуахьми, ар зыщIми езыгъэщIми - абыхэм псоми Алыхьым и нэлатыр ятелъщ. Iибн Хьэббас къеIуэтэж Бегъымбару щэлатымрэ сэламымрэ зэхам къыжьэдэкIауэ: «Хъэмрым зыщыфхъумэ, сыту жыпIэмэ, ар сыт хуэдэ мыхъумыщIагъэми и IункIыбзэIухщ. Уеблэмэ «ар Iеягъэу щыIэм я анэщ».

Зэгуэрым зылI къеупщIат, жи, фадэм теухуауи, жриIар мыращ: «Чэф узыщI, уи акъылыр зыгъэутхъуэ псори хьэрэмщ». «Алыхьталэм къигъэгугъащ, жи, хэт чэф къезыт гуэр зрихьэлIэу щытми, Къемэт махуэм «тIинэтулъ хъибал» иригъэфэну. Щэхьабэхэр щIэупщIащ: «Сыт «тIинэтулъ хъибалыр» зищIысыр?» Ар жыхьэнмэ мафIэм хэтынухэм я пщIэнтIэпсращ е абыхэм къащIэжыну псы фIейращ, къажриIэжащ.

### НэгъуэщIыцIэ фIащауэ

«Къемэт махуэм деж си Iумэтым зы гуп къахэкIынущ, фадэ ефэу, ауэ абы нэгъуэщIыцIэ фIащауэ», - жеIэ хьэдисым. Ар ирафу, зыхаIуу, е ягъэныщкIу гуэру ирехъу. Быдэу, щабэу, сыт хуэдэ щIыкIэу зрахьэлIэуи щрет. Уи акъылым ухуимытыжу узыщI псори мы хьэдисым и лъабжьэм кIэщIоувэ.

ЗылI къакIуэри, Бегъымбар лъапIэм къеупщIащ: «Уа Алыхьым и ЛIыкIуэ! Сэ шагъыр сощI. Ауэ щIэсщIыр хущхъуэ папщIэу зэсхьэлIэн щхьэкIэщ». Абы и жэуапу иритар сыт? «Ар хущхъуэкъым, щхъухьщ», - жриIащ.

ЦIыхум, дэ зэрытщIэщи, наркотик лIэужьыгъуэхэм, а кальянри яхэту, и акъылыр трагъэкI. Ахэр Iэпкълъэпкъми акъылми зэран хуохъу. ШейтIаным абыхэмкIэ цIыхур тригъэхьэулеикIину, къызыхуигъэщIа Iуэхугъуэ нэхъ ин дыдэхэр кърикъэгъэнэну, и нэмэзыр блригъэгъэкIыну, Алыхьталэр щигъэгъупщэну хэтщ. Мыр шейтIаным и Iэщагъэ, лэжьыгъэ фIейхэм ящыщщ. Сыт хуэдиз цIыху зэбий зэхуэхъурэ, зэрыукIыжрэ, гужьгъэжь я гум зэхуилъу хъурэ фадэм и зэранкIэ? Дапхуэдиз зинэ ящIэрэ? Ар зэзыхьэлIар, фи нэмыс нэхъ лъагэ ухъуи, ипхъуми, и шыпхъуми, нэгъуэщIми бгъэдыхьэжынкIэ хъунущ, ищIэр имыщIэжу, и акъылыр текIауэ. И лъэпкъми и напэр трихыу, езыми и щхьэр игъэпудыжу. Фадэмрэ наркотикхэмрэ ефэу сыт хуэдиз цIыху дыгъуэрэ, яукIрэ? Зауэ къыщикIари мащIэкъым. Дапхуэдиз цIыхубз фызабэу къанэрэ, дапхуэдиз сабий зеиншэ хъурэ абыхэм я зэранкIэ?!

КъурIэн лъапIэми унафэ къытхуещI абы пэIэщIэ зытщIыну. Уа Iиман къэзыхьахэ, Алыхьыр зи фIэщ хъуахэ! Фадэр, ахъшэджэгур, тхьэ нэпцIхэм къурмэн щыхуаукI щIыпIэхэр, пхъэтедзэр – ахэр шейтIаным и лэжьыгъэ фIейхэм, шейтIаным и Iуэху мыгъуэхэм ящыщщи, фемыкIуалIэ, пэIэщIэ зыфщI, зыщыфхъумэ, жи, фехъулIэну фыхуеймэ. ШейтIаныр зыхуейр фадэмрэ ахъшэджэгумкIэ бий, жагъуэгъу фызэхуищIыну, Алыхьым и цIэ къиIуэнымрэ нэмэз щIынымрэ фIэщIигъэхуну, фщигъэгъупщэну аращ, жи. Алыхьым солъэIу хьэлэл къытхуищIа IуэхугъуэхэмкIэ хьэрэмыр Iудгъэкъуэтыну къыддэIэпыкъуну.

### ФIыкIэ фызэхъуажэ

Алыхьталэм КъурIэн лъапIэм щыжеIэ: «Зыр адрейм дэIэпыкъуэгъу фыхуэхъу IуэхуфIхэмрэ тхьэшынагъэ зыхэлъхэмкIэ. Зыр зым дэIэпыкъуэгъу фыхуэмыхъу гуэныхь къызыпэкIуэхэмрэ зэбиинығъэ къызыхэкI IуэхугъуэхэмкIэ». Тхьэр арэзы зыхуэхъун Хьэсэн Басри къыбгъэдэкIа IущыгъэхэмЯщыщщ мыри: «ГъэщIэгъуэнщ цIыхум акъыл къызэримыщэхуфыр! Ар хузэфIэкIыну щытамэ, мылъкуу иIэр тригъэкIуэдэнтэкъэ акъыл зэгъэпэщыным? Ауэ абы нэхърэ нэхъ гъэщIэгъуэныжщ а и акъылыр фIэзыгъэкIуэдыр мылъку щIитурэ къыщищэхум деж».

Алыхьым и нэфIыр зыщщыхуэнхэ! ЗэрыжытIауэ, наркотикхэр, кальянри яхэту, ягъэныщкIу, жьэдадзэ, я бзэгу лъабжьэхэм кIэщIалъхьэ - зэмылIэужьыгъуэ Iэджэ мэхъу иджыпсту ахэр, шейтIаным куэд къахуигупсысащ и лэжьыгъэ фIейхэм щыщу. Ахэр зэпхьэлIэныр, абы ахъшэ щIэптыныр е пщэныр зэрыхьэрэмым шэч хэлъкъым. Апхуэдэм къыщIиха и мылъкур, жи, сэдэкъэуэ иту щытми, Алыхьталэм къабылу Iихынукъым. Сыту жыпIэмэ, Алыхьталэм пIихыр дахэрщ, фIырщ, къабзэрщ. Апхуэдэ мылъкур и унагъуэм тригъэкIуадэу щытми, а унагъуэм берычэт зэи илъынукъым. А мылъкур зыгуэркIэ къыщIэну щытми, жыхьэнмэм зэрыкIуэн гъуэмылэ хуэхъунущ, жи. Дызэвгъэгупсысыж, зыкъэдвгъэщIэж. Алыхьталэр къызэрытхуэупса ди гъащIэ мащIэр пщIэншэу дывмыгъэгъэкIуэд. Псом хуэмыдэжу, ди узыншагъэм, ди акъылым дривмыгъэджэгу. КъытщIэхъуэ ди щIэблэр гулъытэншэ дывмыгъэщI. Ди сабийхэм дахуэвгъэсакъ. Дэнэ щыIэу щытми, хэт и гъусэми зэдвгъэгъащIэ. Сыту жыпIэмэ, зы цIыху мыхъумыщIэм жылэ псо, гуп псо иуцIэпIыфынущ. Абы къыхэкIыу, ди сабийхэр ди мылъкур зэрытхъумэм нэхърэ нэхъ сакъыу дывгъэхъумэ.

Мы зи гугъу тщIыхэр зэзыхьэлIэ, зыщэ тщIэуэ щытмэ, девгъэущий, чэнджэщ щхьэпэ едвгъэт, зыкъащIэжын хуэдэу. Абы иужькIэ къамыгъанэрэ? Дывгъэгъэшынэ! Утыку Iуэху дывгъэщI! Сыт хуэдэ лъэныкъуэкIи ирехъу, мыбы дебэнын хуейщ. Дытетхыхьми, хъутIбэ къэтту, зырызыххэу утыку къитшэу щытми, мы Iуэхум дыпэщIэтыныр ди къалэнщ. Ди деж къэмысыну блэр игъащIэкIи ирепсэу жытIэ хъунукъым. А блэр благъуэ хъуауэ къэсынкIэ шынагъуэ щыIэщ.

Абдуллахь ибн Хьумэр къеIуэтэж Бегъымбар лъапIэм жиIауэ: «Тхьэ къысхуэфIуэ а зы Алыхь закъуэм къищынэмыщIа, нэгъуэщIым зыми фыхуэмыпщылIыну, Алыхьым гуэгъу хуэвмыщIыну. Алыхьым хьэрэм ищIа зы цIыхуми хьэкъыншэу и псэ хэвмыхыну, фымыукIыну. Зинэ фымыщIэну икIи фымыдыгъуэну. Чэф фызыщI, фи акъылыр зыгъэутхъуэ зэвмыхьэлIэну». АдэкIэ къыпещэ: «Хэт мы къедбжэкIахэм щыщ гуэр ищIэми, абы хуэфащэ тезырыр тефлъхьэ. Ар абы щхьэщэхужыпщIэ хуэхъунщ. Ауэ хэт дунеягъэкIэ апхуэдэ Iуэхугъуэ фIейр хущIихъумэу щытми, абы и хьисэпыр Алыхьым и IэмыщIэм илъынущ. Мыбыхэм ящыщым зыщызыхъумэр Алыхьталэм жэнэткIэ къигъэгугъащ». Абыхэм ящыщ дищIыну Алыхьым солъэIу.

### Алыхьталэм гуэгъу хуумыщI

Акъылыр тезыгъэкI фадэр, наркотик лIэужьыгъуэхэр Алыхьым гуэгъу хуэщIыным, «ширк» жыхуаIэм хуагъадэу щытауэ къыхощыж щэхьабэхэм я хъыбархэм. Алыхьым фадэр хьэрэм щищIам щыгъуэ, зыр адрейм и деж кIуэурэ «Алыхьталэм фадэмрэ ширкымрэ зэхуигъэдащ» жраIэу щытащ, а тIум я гуэныхьыр апхуэдизу инти. Iэл Iэшхьэри Iэбу Муса къеIуэтэж: «Алыхьыр къэбгъанэу мо пкъоужьым ухуэпщылIынри, фадэм уефауэ дунейм уехыжынри тIури зэхуэдэщ».

Ар Бегъымбар лъапIэм и псалъэхэми къыхощ: «Фадэ ефэу, фадэ зыфIэфу щытар Алыхьталэм и пащхьэм мывэм хуэпщылIам хуэдэу ихьэжынущ». АдэкIэ ЛIыкIуэ лъапIэу щэлатымрэ сэламымрэ зэхам жеIэ: «Хэт фадэ ирифам чэф кърриту, и акъылыр игъэутхъуауэ щытми, апхуэдэ цIыхум и нэмэзыр Алыхьталэм махуэ плIыщIкIэ Iихыркъым». Аращи, зыщыдвгъэхъумэ Алыхьталэм хьэрэм ищIа фадэм. Мыхэр, дауи, къызыхэкIыр цIыхум и Iиманыр зэрыцIыкIурщ, и акъылыр зэрыхунэмысырщ. Дыкъызыхуигъэщ1а Iуэхугъуэшхэр зылэжьыфынухэм ящыщ дищIыну, къызэрытхуэупса ди Iэпкълъэпкъ дахэр, ди акъыл зэгущыр Алыхьталэм къытхуихъумэну, хьэрэмым пэжыжьэ дищIыну солъэIу.

**ХЪУЭКIУЭН Арсен**,
*Шэджэм ЕтIуанэ къуажэм и мэжджытым и Iимам.*

## Iимам Мухьэмэд Мутэуэлли Шэхьрауи къыщIэна духьэ

**Iэллахьуммэ! Ла тушгъил гьэкъли бима йукъликъуухьуу; уэ ла къэлби бимэн ла ярхьэмухьуу; уэ ла уэкъти бима ла янфэгьухьуу. Рэбби кун ли уэ кун мэхьи; уэджгьэлни бикэ Iэкъыуа уэ бикэ Iэгъна.**

АЛЫХЬУ си Тхьэ! Иумыгъэубыд си акъылыр зэхэзехуэн зыщIын гупсысэм, си гур - гущIэгъу къыхуэзымыщIыну цIыхум, си зэманыр - къысхуэмыщхьэпэну Iуэхум. Си Тхьэ, зыкъысщIыгъу, къыскъуэт! УэркIэ лъэщ, Уэ узэрызиIэм и фIыгъэкIэ зыми хуэмыныкъуэ сыщI!

## Къэбэрдей-Балъкъэрым ит мэжджытхэр

**КъБР-м и Муслъымэнхэм я IуэхущIапIэм и нэIэ щIэту дунейм къытехьащ 2022 гъэм и махуэгъэпс.**

НЭР игъафIэу, инрэ щхъуэкIэплъыкIэу традза махуэгъэпсым и IуплъапIэм тетщ Налшык зыгъэщIэращIэ ухуэныгъэхэм яхыубжэну зыхуэфащэ Муслъымэнхэм я IуэхущIапIэр щылажьэ мэжджытышхуэр. Дэтхэнэ зы мазэми адыгэ, балъкъэр къуажэхэм дэт апхуэдэхэм ящыщ зым и сурэтым уIуегъаплъэ.

ЩIышылэм и напэкIуэцIым ди нэгум къыщIегъэувэ ШэджыхьэщIэ Марие Псынабэ дригъэщIыхьауэ щыта ухуэныгъэ къызэрымыкIуэр *(сурэтым)*. Хэхъуэ лей зимыIэ, зэрыжаIэу, тхылъыр зи дуней профессорым мэжджыт зэрыригъэщIыфар умылъэгъуамэ, уи фIэщ пхуэмыщIыну Iуэхущ. Езы цIыхубзым и адэшхуэм Псынабэ щригъэухуауэ щыта мэжджытыр совет зэманым клуб ящIыжауэ ягъэхъыбару щытащ. Диныр къыдахыжу гъуэгухэр зэIуаха нэужь, ШэджыхьэщIэ Марие хьэж ищIри, абы теухуа тхылъи итхыжащ. Езым урысыбзэкIэ итхыу, ТIымыжь Хьэмыщэ адыгэбзэкIэ зэридзэкIыжауэ щыта «ХьэжыщIым и гукъэкIыжхэр» тхылъым къыщIиха ахъшэрщ бзылъхугъэ емызэшым мэжджытыр къызэрыригъэжьар. ИужькIэ ухуэныгъэм мылъкукIэ зыщIагъэкъуэну гукъыдэж зиIэ цIыху мымащIэ къыкъуэкIами, и лъакъуэхэм зэрамыгъэтыншым ищIыIужкIэ, Налшык щыпсэууэ Псынабэ щекIуэкI ухуэныгъэ Iуэхухэм кIэлъыплъын хуей хъуа Марие Алыхьталэм зыкъызэрыщIигъэкъуар зи нэгу щIэкIар зы цIыхукъым-цIыхуитIкъым. Нобэ мэжджытыр зыхуей хуэзауэ мэлажьэ, абы и Iимамщ Къэхъун къуажэм щыщ Мамыхъу Мулид. Езы профессорым и гуращэу щытар сыт жыпIэмэ, Марие еш имыIэу тепсэлъыхьу щыташ абы сабийхэр бзиплIкIэ щрагъэджэну зэрыхуейм: адыгэбзэкIэ, урысыбзэкIэ, инджылызыбзэкIэ, хьэрыпыбзэкIэ.



Псынабэ къуажэ.

Махуэгъэпсым деж дгъэзэжмэ, адэкIэ Терскол, Малкэ, Балъкъэр Ипщэ, Нарткъалэ, Эльтюбю, Уэзрэдж, Бедыкъ, Бахъсэн, къинэмыщI къалэхэмрэ къуажэхэмрэ дэт мэжджытхэр щыдолъагъу абы. Сыт хуэдэ блыни игъэщIэрэщIэн хуэдэу екIуу, гъэм и махуэхэр, махуэшхуэхэр, зыгъэпсэхугъуэ махуэхэр нэгъуэщIыфэкIэ къыщыхэгъэщащ махуэгъэпсым. КъыдэкIыгъуэр дунейм къытехьэным хэлIыфIыхьащ республикэм фIыуэ къыщацIыху тхылътедзэ Тхьэкъуахъуэ Iэуес. «Ислъамым и нурым» дэтхэнэ мэжджытми и тхыдэр наIуэ къыщытщIыну ди мурадщи, фи къуажэ дэт мэжджытхэм ятеухуа хъыбар къытхуевгъэхьмэ, ди гуапэ хъунущ.

## Гъатхэпэм и нэмэз щIыгъуэхэр

| Махуэхэр | Пщэдджыжьыр | Дыгъэр къыщыщIэкIыр | Шэджагъуэр | Ичындыр | Ахъшэмыр | Жасыр |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1, гъубж | 05:12 | 06:42 | 12:28 | 15:32 | 17:58 | 19:38 |
| 2, бэрэжьей | 05:10 | 06:40 | 12:28 | 15:33 | 17:59 | 19:39 |
| 3, махуэку | 05:09 | 06:39 | 12:28 | 15:34 | 18:00 | 19:40 |
| 4, мэрем | 05:07 | 06:37 | 12:28 | 15:35 | 18:01 | 19:41 |
| 5, щэбэт | 05:05 | 06:35 | 12:27 | 15:35 | 18:03 | 19:43 |
| 6, тхьэмахуэ | 05:03 | 06:33 | 12:27 | 15:36 | 18:04 | 19:44 |
| 7, блыщхьэ | 05:02 | 06:32 | 12:27 | 15:37 | 18:05 | 19:45 |
| 8, гъубж | 05:00 | 06:30 | 12:27 | 15:38 | 18:06 | 19:46 |
| 9, бэрэжьей | 04:58 | 06:28 | 12:26 | 15:39 | 18:08 | 19:48 |
| 10, махуэку | 04:57 | 06:27 | 12:26 | 15:39 | 18:09 | 19:49 |
| 11, мэрем | 04:55 | 06:25 | 12:26 | 15:40 | 18:10 | 19:50 |
| 12, щэбэт | 04:53 | 06:23 | 12:26 | 15:41 | 18:11 | 19:51 |
| 13, тхьэмахуэ | 04:51 | 06:21 | 12:26 | 15:41 | 18:13 | 19:53 |
| 14, блыщхьэ | 04:50 | 06:20 | 12:25 | 15:42 | 18:14 | 19:54 |
| 15, гъубж | 04:48 | 06:18 | 12:25 | 15:43 | 18:15 | 19:55 |
| 16, бэрэжьей | 04:46 | 06:16 | 12:25 | 15:44 | 18:16 | 19:56 |
| 17, махуэку | 04:44 | 06:14 | 12:24 | 15:44 | 18:17 | 19:57 |
| 18, мэрем | 04:42 | 06:12 | 12:24 | 15:45 | 18:19 | 19:59 |
| 19, щэбэт | 04:40 | 06:10 | 12:24 | 15:46 | 18:19 | 19:59 |
| 20, тхьэмахуэ | 04:39 | 06:09 | 12:23 | 15:46 | 18:21 | 20:01 |
| 21, блыщхьэ | 04:37 | 06:07 | 12:23 | 15:47 | 18:22 | 20:02 |
| 22, гъубж | 04:35 | 06:05 | 12:23 | 15:47 | 18:23 | 20:03 |
| 23, бэрэжьей | 04:33 | 06:03 | 12:23 | 15:48 | 18:25 | 20:05 |
| 24, махуэку | 04:32 | 06:02 | 12:22 | 15:49 | 18:26 | 20:06 |
| 25, мэрем | 04:30 | 06:00 | 12:22 | 15:49 | 18:27 | 20:07 |
| 26, щэбэт | 04:28 | 05:58 | 12:22 | 15:50 | 18:28 | 20:08 |
| 27, тхьэмахуэ | 04:26 | 05:56 | 12:21 | 15:50 | 18:29 | 20:09 |
| 28, блыщхьэ | 04:24 | 05:54 | 12:21 | 15:50 | 18:31 | 20:11 |
| 29, гъубж | 04:23 | 05:53 | 12:21 | 15:51 | 18:32 | 20:12 |
| 30, бэрэжьей | 04:21 | 05:51 | 12:20 | 15:52 | 18:33 | 20:13 |
| 31, махуэку | 04:19 | 05:49 | 12:20 | 15:53 | 18:34 | 20:14 |

*Къэбэрдей-Балъкъэрым и Муслъымэнхэм я IуэхущIапIэм къыдитащ.*

# Дыкъэзыухъуреихь дунейм лей едвмыгъэх

**Налшык дунейм и щIыпIэ нэхъ телъыджэ дыдэхэм ящыщу къалъытэ. Арами, къалэдэсхэмрэ хьэщIэхэмрэ дыкъэзыухъуреихь дахагъэм лей щрах щыIэщ: тетIысхьэпIэхэр якъутэ, жыг къудамэхэр къыгуащIыкI, псыхъуэхэр пхъэнкIий идзыпIэ ящI... ЦIыхур къызыхэкIари, зыхэпсэукIри, зыгъэпсэури щIыуэпсырщ, ауэ дэ абы пщIэ зэрыхуэдмыщIым и щыхьэтщ а псори.**



ИКАНДЕР Камиллэ психологием хуеджами, и лэжьыгъэр Интернетым пыщIащ. Пщащэм зэрыжиIэмкIэ, гупсэхугъуэ кърет щIыуэпсым зэрыхуэсакъым. Абы щIэх-щIэхыурэ щэбэт щIыхьэхухэр къызэрегъэпэщри, Налшык псы Iуфэр ягъэкъабзэ, Iуэхум хэтахэм траха сурэтхэр Интернетым кърелъхьэ. Щапхъэ дахэ зыгъэлъагъуэ пщащэм и жэрдэмыр дэзыIыгъыну гупыж зыщIхэр мащIэкъым, апхуэдэ лэжьыгъэм емыкIу зэрыхэмылъыр къызыгурыIуэхэмрэ щIыуэпсым зигу щIэузхэмрэ къыбгъуроувэ.

- ЩIалэгъуалэ IуэхущIапIэм волонтёру сыщыщылажьэм щыгъуэ щIэх-щIэхыурэ къызэдгъэпэщырт щэбэт щIыхьэхухэр. Паркхэр, псыхъуэхэр, зыгъэпсэхупIэхэр зэщIэткъуэрт. Ауэ абы ипэIуэкIэ, иджыри курыт еджапIэм сыщIэсу, сыткIэ сэбэп сыхуэхъуфыну щIыуэпсым жысIэу, сегупсысу щIэздзащ икIи зэман кIыхькIэ гъусэ симыIэу зэщIэскъуащ щIыпIэ куэд. Си нэIэ нэхъыбэу тезгъэтщ Налшыкыпс Iуфэм. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, псыхъуэм и Iэгъуэблагъэм къыщыкI удзыр зэи паупщIыркъым, кIэрыхубжьэрыхухэр зрадзэ кумбыгъэ дэткъым, цIыхум къыщинэр щылъынущ зэран хъууэ, ди къалэ дахэм и теплъэр иуцIэпIу. Пэжщ, псыхъуэм зыщызыгъэпсэхухэм къахокI кIэрыхубжьэрыху къамыгъанэу псори къызэщIэзыкъуэж. Ауэ кIэрыхубжьэрыхур зрадзэн а щIыпIэм щыгъэувын зэрыхуейри, щIыуэпсым теухуауэ сиIэ нэгъуэщI жэрдэмхэри зэпымычу Интернетым къыщызогъэлъагъуэ, цIыхухэр хызошэ мы Iуэхум.

**- ЦIыхумрэ щIыуэпсымрэ зэрызэпхар зыхэпщIэу къыщIэкIынщ, апхуэдэ Iуэху уи пщэ дэплъхьэну ущытегушхуакIэ?**

- Менделеевым и таблицэм химие пкъыгъуэу итым щыщу зы къэмынэу цIыхум и Iэпкълъэпкъым хэлъу къахутащ. Ар щыхьэт техъуэкъэ щIыуэпсым дыкъызэрыхэкIам, абы дызэрыщыщым? АтIэ, дыкъызыхэкIа, дыщыпсэу, дызэпха дунейм щхьэ апхуэдиз лей етхрэ? Уи унэ къетхъужьауэ, зэтепкъутауэ, фIейм ухэсу ущIэсым хуэдэу аращ, сэ къызэрызгурыIуэмкIэ.

**- ИнтернетымкIэ къыпкIэлъыплъ цIыхухэр дауэ хущыт ебгъэкIуэкI лэжьыгъэм, Камиллэ?**

- Языныкъуэхэм си Iуэхур къыздаIыгъ, нэхъри сытрагъэгушхуэ, къыскъуэувэхэри мащIэкъым, ауэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, абы зыри къимыкIыну, си закъуэ зыми зыри къыгурызмыгъэIуэфыну, а лэжьыгъэм и мыхьэнэр унафэщIхэм я деж нэзмыхьэсыфыну жызыIи щыIэщ. КъищынэмыщIауэ, сызыхуеджар зыщ, сызэрылажьэр нэгъуэщI IэщIагъэщ, си зэманыр зытезгъэкIуадэр ещанэщи, ар мытэмэму къэзылъытэхэри мащIэкъым. Дэтхэнэ цIыхуми хуэдэу, сэри Iуэху хъушэ сиIэщ, си зэманыр зытезгъэкIуэдэн нэгъуэщI зыгуэри къысхуэгъуэтынут. Ауэ сызэрыщымыт зысщIыну е лейуэ цIыхум гу зылъезгъэтэну аракъым. УзыщIэс унэр гъэкъэбзэн зэрыхуейм хуэдэу, дыкъэзыухъуреихь дунейми гулъытэ зэрыхуэщIыпхъэр къызгурыIуэу, зыгуэркIэ сэбэп сыхъумэ сыгуфIэу сопсэу. Уэрамыщхьэм, пщIантIэм, гъуэгу Iуфэм, псыхъуэм дэлъ фIейр бгъэкъэбзэным емыкIу хэлъкъым. ЕмыкIур а фIейм ухэсынырщ.

**- Уи унагъуэр - щэ?**

- Унагъуэм, благъэм, ныбжьэгъухэм уи дуней тетыкIэмрэ уи гупсысэкIэмрэ къагурымыIуэмэ, уи закъуэу зыкъыпщохъуж. Иджыблагъэ щэбэт щIыхьэху щедгъэкIуэкIам псыхъуэм кIэрыхубжьэрыху куэд дыдэ къыдэтхат. Абы тетха сурэтхэр Интернетым къыщидгъэувам, си бынхэми ялъэгъуати, къыкIэлъыкIуэ щIыхьэхум си гъусэу нэкIуэну, къыздэIэпыкъуну жаIащ. Дыкъэзыухъуреихь дунейм гууз-лыуз хузиIэ щIэблэ къытщIэхъуэмэ, щIыуэпсым сэбэп дыхуэхъуфынкIэ хъунущ. Ауэ нобэкIэ дуней псор зыгъэгыз узыфэ шынагъуэхэр, щIыпIэ-щIыпIэкIэ къыщыхъу щIыуэпс насыпыншагъэхэр, мылылъэ ткIужхэр къызыхэкIар къыдгурымыIуэу адэкIи дыпсэумэ, дызыщхьэщыува щыхупIэм дехуэхынущ. Зыр адрейм дымыгъэкъуэншэжу, щхьэж хузэфIэкIыр щIыуэпсым хуэтщIэ щхьэ мыхъурэ?! Сэ нэхъ мащIэ дыдэу схузэфIэкIыр псыхъуэр згъэкъэбзэнращи, согъэкъабзэ.

*Епсэлъар*
**ФЫРЭ Анфисэщ.**

# Пашэхэм ялъэщIыхьэжынукъым

**Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэм и щIымахуэ чемпионатым и ебгъуанэ джэгугъуэр зэхэтащ. «ДыгъафIэ къалэм» и стадионым щекIуэкIа зэIущIэхэр топ дахэхэмкIэ гъэнщIауэ, удэзыхьэхыу щытащ.**



ЩЭБЭТ кIуам и зэIущIэхэр къызэIуахащ чемпионатым зэрыщIидзэрэ зы очкои зыфIэмыкIуэда «Тэрчымрэ» турнир таблицэм и кIэух увыпIэхэм къыщыувыIа «Шэджэм-2»-мрэ. Джэгугъуэм и топ нэхъыбэ дыдэ щыдагъэкIа зэпэщIэтыныгъэр пашэхэм я текIуэныгъэкIэ иухащ. Шэджэмдэсхэм я гъуэм абыхэм дагъэкIа топихым и жэуапу зыщ къратыжыфар.

Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и командэр Старэ Шэрэдж и «Шэрэджым» IущIат. Абы текIуэныгъэр студентхэм къыщахьащ икIи турнир таблицэм ищхьэкIэ зыщызыгъэбыдахэм зымащIэкIэ гъунэгъу зыхуащIащ.

Мыгъэрей щIымахуэ чемпионатыр ехъулIэныгъэ защIэкIэ ирегъэкIуэкI «Автозапчасть»-ми. Иужьрейуэ бахъсэндэсхэм я командэр IущIащ «ХьэтIохъущыкъуейм». Пашэхэм жыджэру якIэлъеIэ хьэтIохъущыкъуейдэсхэм бжыпэр зыIыгъым зыри пагъэувыфакъым - абыхэм я гъуэм бахъсэндэсхэм жэуапыншэ топитху къыдагъэкIащ.

КъыкIэлъыкIуэ текIуэныгъэ мащIэр зыIэригъэхьащ «Иналым». Зэхьэзэхуэм и турнир таблицэм ищхьэкIэ гупышхуэу щызэхуэса командэхэм ящыщ «Бабугент»-м къэрэгъэшдэсхэм я гъуэр хигъэщIэфакъым. Иужьрейхэми я зыхъумэжыныгъэр лъэща щхьэкIэ, бжыгъэр къызэIуахыфакъым.

Джэгугъуэм и етIуанэ махуэм зэIущIащ «Локомотив»-мрэ пашэхэм яхэтыну жыджэру хущIэкъу «Къэбэрдеймрэ». Топ тIурытIкIэ зэхъуэжауэ налшыкдэсхэмрэ Шэрэдж Ищхъэрэ и командэмрэ зэбгъэдэкIыжащ. Иужьрей зэIущIэм иужькIэ «Къэбэрдейм» очко 17 иIэу турнир таблицэм и ещанэ увыпIэм зыщигъэбыдащ.

ЩIымахуэ чемпионатыр зэрыщIидзэрэ еплIанэ текIуэныгъэр зыIэригъэхьащ «Ислъэмейм». Абы 2:0-у хигъэщIащ Налшык и «Мурбек-ФШ»-р.

Зэхьэзэхуэм и командэ нэхъыфIищым гъунэгъу яхуэхъуащ «Шагъдийр». 3:1-уэ ар текIуащ «Малка»-м. Иджы ещанэ увыпIэр зыIыгъ «Къэбэрдейм» зеикъуэдэсхэр къазэрыкIэрыхужыр очкоитI къудейщ.

Ебгъуанэ джэгугъуэм хыхьэ зэIущIэхэр зэхуащIыжащ «Нартанымрэ» «Спартак-Д»-мрэ я зэпэщIэтыныгъэмкIэ. ЗэIущIэм и япэ Iыхьэр зэрытемыгъэкIуауэ, джэгукIэ зэхуэдэ командэхэм къагъэлъэгъуауэ загъэпсэхуну икIащ. ЗэрыщIидзэжрэ зэман куэд дэмыкIауэ налшыкдэхсэм я ебгъэрыкIуэныгъэхэм ящыщ зым хэту «Нартаным» и гъуэм пэмыжыжьэу къыщыхъуа зэрызехьэм зэрымыщIэкIэ топыр дигъэкIыжащ нартандэсхэм ящыщ зым - 0:1.

ЗэIущIэм щыдагъэкIа топ закъуэм «Спартак-Д»-м текIуэныгъэр къыхуихьыным зымащIэщ иIэжар. ЗэпэщIэтыныгъэм и кIэух дакъикъэхэм ящыщ зым Шэджэм куейм щыщ командэм ебгъэрыкIуэныгъэ лъэщ къызэригъэпэщащ икIи бжыгъэр 1:1-м хуигъэкIуащ. ДагъэкIа топитIри «Нартаным» къилэжьа пэтми, зы очко фIэкIа абы къыщамыхьауэ зэбгъэдэкIыжащ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэм и щIымахуэ чемпионатым и ебгъуанэ джэгугъуэм хиубыдэу екIуэкIа зэIущIэхэм мыпхуэдэ бжыгъэхэр къарикIуащ: *мазаем и 19-м:* «**Инал**» (Къэрэгъэш) - «**Бабугент**» (Бабугент) - **0:0**, «**ХьэтIохъущыкъуей**» (ХьэтIохъущыкъуей) - «**Автозапчасть**» (Бахъсэн) - **0:5**, «**КъБКъУ**» (Налшык) - «**Шэрэдж**» (Старэ Шэрэдж) - **3:1**, «**Тэрч**» (Тэрч) - «**Шэджэм-2**» (Шэджэм ЕтIуанэ) - **6:1**; *мазаем и 20-м:* «**Локомотив**» (Налшык) - «**Къэбэрдей**» (Шэрэдж Ищхъэрэ) - **2:2**, «**Ислъэмей**» (Ислъэмей) - «**Мурбек-ФШ**» (Налшык) - **2:0**, «**Шагъдий**» (Зеикъуэ) - «**Малка**» (Малкэ) - **3:1**, «**Нартан**» (Нартан) - «**Спартак-Д**» (Налшык) - **1:1**.

ДызыхуэкIуэ щэбэтымрэ тхьэмахуэмрэ щыIэну епщIанэ джэгугъуэм щызэIущIэнущ: *мазаем и 26-м* - «Шэрэдж» - «Локомотив», «Спартак-Д» - «Ислъэмей», «Автозапчасть» - «Инал», «Шэджэм-2» - «Нартан»; *мазаем и 27-м* - «Бабугент» - «КъБКъУ», «Шагъдий» - «ХьэтIохъущыкъуей», «Малка» - «Мурбек-ФШ», «Къэбэрдей» - «Тэрч».

*Тхыгъэри сурэтри*
**ЖЫЛАСЭ Замир** *ейщ*.

***Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэм и щIымахуэ чемпионатым и турнир таблицэ***

| | Командэхэр | Дж. | Къ. | З. | ФI. | Т. | О. |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 1. | **«Автозапчасть»** | **9** | **9** | **0** | **0** | **44-7** | **27** |
| 2. | **«Тэрч»** | **9** | **9** | **0** | **0** | **25-3** | **27** |
| 3. | **«Къэбэрдей»** | **9** | **5** | **2** | **2** | **17-13** | **17** |
| 4. | «Шагъдий» | 9 | 5 | 0 | 4 | 13-19 | 15 |
| 5. | «ХьэтIохъущыкъуей» | 9 | 4 | 2 | 3 | 17-19 | 14 |
| 6. | «Ислъэмей» | 9 | 4 | 2 | 3 | 15-8 | 14 |
| 7. | «Бабугент» | 9 | 3 | 5 | 1 | 9-6 | 14 |
| 8. | «КъБКъУ» | 9 | 3 | 3 | 3 | 12-19 | 12 |
| 9. | «Мурбек-ФШ» | 9 | 3 | 2 | 4 | 14-12 | 11 |
| 10. | «Спартак-Д» | 9 | 3 | 2 | 4 | 8-11 | 11 |
| 11. | «Локомотив» | 9 | 2 | 4 | 3 | 12-15 | 10 |
| 12. | «Нартан» | 9 | 2 | 3 | 4 | 17-20 | 9 |
| 13. | «Шэрэдж» | 9 | 2 | 3 | 4 | 17-22 | 9 |
| 14. | «Шэджэм-2» | 9 | 1 | 2 | 6 | 12-29 | 5 |
| 15. | «Малка» | 9 | 1 | 0 | 8 | 13-27 | 3 |
| 16. | **«Инал»** | **9** | **0** | **2** | **7** | **7-22** | **2** |



# Тамбукъан гуэл телъыджэр

**Ижь-ижьыж лъандэрэ цIыхум щIыуэпсым хущхъуэгъуэ зэмылIэужьыгъуэхэр къыхех. Абыхэм ящыщщ ятIэри. ЯтIэ хущхъуэр лIэужьыгъуэ 700 ирокъу, дэтхэнэми узыфэ зыбжанэ игъэхъужу. Тамбукъан гуэлым къыхах ятIэм нэхъыфI щымыIэу къалъытэ нобэкIэ. Абы щIыIэ узыр Iэпкълъэпкъым хеш, неврологие узыфэ зэмылIэужьыгъуэхэми я хущхъуэгъуэщ, лыш уз, псориаз, нейродермит, щIыфэ къилъэлъ, целлюлит, фошыгъу уз, гу уз, кIэтIий уз зиIэхэм, зи жьэжьейхэр, шхалъэр, щахэр, чэр къызэузхэм сэбэп яхуохъу. Къыхэгъэщыпхъэщ, ятIэр зэмызэгъ зэрыщымыIэр, аллергие къызэрыхэмыкIыр.**

ТАМБУКЪАН гуэлым (Тамбий гуэл) къыщIах ятIэм хущхъуэ бжыгъэншэхэр къыхащIыкI. Ахэр узыншагъэр щызэтрагъэувэж IуэхущIапIэхэмрэ сымаджэщхэмрэ куэду къыщагъэсэбэп, хамэ къэралхэми ящэху.

Гуэл лъабжьэм щIэлъ ятIэ хущхъуэр тонн мелуани 2,5-рэ мэхъу. Ар тхыдэм 1773 гъэ лъандэрэ къыхощыж, 1886 гъэм щыщIэдзауэ медицинэми косметологиеми къыщагъэсэбэп, ауэ ди цIыхухэм пасэрей зэман жыжьэ лъандэрэ зэрахьэлIэ. ЯтIэр зэрызэхэлъ микроорганизмхэмрэ минералхэмрэщ и хущхъуагъыр зэлъытэжари.

Гуэлым и куугъыр ику иту метри 10 мэхъу, икIи ар уэшх, уэс къехымрэ гъэм и зэманымрэ елъытащ. Гуэлым ит псыр тенджызыпсым хуэдэу шыугъэщ.

Тамбукъан ятIэр апхуэдэу сэбэпщ дахагъэмкIэ. Адыгэ бзылъхугъэхэм Тамбукъан ятIэм удзыпс зэмылIэужьыгъуэхэр хакIэжырти, я напэр ирагъэкъабзэу, зыщахуэу щытауэ жаIэж, я щIыфэр, нэкIур хужь, щабэ, дахэ зыщIри арат. КъищынэмыщIауэ, ятIэм уIэгъэр нэхъ псынщIэу егъэкIыж, е иримыгъакIуэу.

Гуэлыр хъурей хэшауэ щытщ, километри 2 и кIыхьагъщ, зы километр и бгъуагъщ, щIы гектари 170-рэ еубыд, зыгъэнщIыр уэшхыпсымрэ ЯтIэкъуэ къыхэжымрэщ. Абы къищынэмыщIауэ, бжьамий йокIуалIэ, псы хущхъуэ къызыщIэж щIыпIитI хуащIащ.

Тамбукъан гуэлым гъэщIэгъуэн куэд хэлъщ - фIыцIэу, хьэлъэу, уигъэшынэу къыпщохъу. Ар къызыхэкIыр и лъабжьэм щIэлъ ятIэ фIыцIэр гуэлым къызэрыхэщращ. А ятIэри абы хуэщIа машинэкIэ къыдрахьейри, гъэтIылъыпIэхэм щахъумэ, узыншагъэм щеIэзэ IуэхущIапIэхэм зэбграш, хущхъуэ зыщIхэм ящэхури, зэмылIэужьыгъуэ куэд къыхащIыкI. НобэкIэ Тамбукъан ятIэр нэхъыбэу къыщагъэсэбэпыр ЕсэнтIыгу и курортхэращ. Псалъэм папщIэ, 1914 гъэм Семашкэ и цIэр фIащауэ къызэIуаха грязолечебницэм хуэдэ Урысейм и закъуэ мыхъуу, Европэ псом щыIэкъым. Зы махуэм къриубыдэу а IуэхущIапIэм цIыху 2500-м щоIэзэф. ЕтIуанэ увыпIэр Пятигорск дэт IуэхущIапIэм еубыд - абы зы махуэм цIыху мини 2-м щоIэзэ. АдэкIэ, Железноводск - цIыху 1500-м.

**КЪАНЫКЪУЭ Анфисэ.**

# Нащэр къыдохъулIэ

**Къэбэрдей-Балъкъэрым и консерв заводхэм 2021 гъэм нащэу щагъэфIэIуащ банкI мелуан 52,6-м нэблагъэ, ар 2020 гъэм яхузэфIэкIам елъытауэ процент 40-кIэ нэхъыбэщ.**

2021 гъэм ди щIыналъэм хадэхэкIыу щагъэфIэIуам и процент 17-р нащэм хуозэ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и консерв заводхэм нащэр щагъэфIэIу езыхэм я маркэ яIэжу е Урысейм щыцIэрыIуэ фIэщыгъэхэр тету (дауи, зэгурыIуауэ). Нэхъыщхьэращи, абыхэм щIэупщIэ яIэщ.

2021 гъэм КъБР-м фIэIугъэу къыщыщIагъэкIащ банкI мелуан 310-м нэблагъэ. А бжыгъэмкIэ Кавказ Ищхъэрэм ди щIыналъэм бжыпэр щиIыгъщ.

**НАФIЭДЗ Мухьэмэд.**

# ЛIыхъужьым и фэеплъ зэхьэзэхуэм

**Рязань къалэм дэт «Академия единоборств» олимп резервыр щагъэхьэзыр спорт школым и спорткомплексым и алэрыбгъухэм щекIуэкIащ алыдж-урым бэнэкIэм и «А» классымкIэ 49-нэ урысейпсо зэхьэзэхуэхэр. Ар фэеплъ хуащIащ Совет Союзым и ЛIыхъужь Полетаев Фёдор.**



«МЕМОРИАЛ Полетаева» зэхьэзэхуэм и саугъэтхэм щIэбэнащ Урысей Федерацэм и щIыналъэ 20-м къикIа спортсмени 150-м нэблагъэ. Абы зэфIэкI лъагэхэр къыщагъэлъэгъуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ бэнакIуэхэм.

Зи хьэлъагъыр килограмм 82-м нэблагъэхэм я зэпэщIэтыныгъэм япэ увыпIэр щиубыдащ Тэхъу Ислъам. КъищынэмыщIауэ, килограмм 97-м нэс зи хьэлъагъ Тен Астемыр зыхэта гупым къыпэлъэщын къахэкIакъым икIи дыщэ медалыр зыIэригъэхьащ.

**КЪЭХЪУН Бэч.**

# ЩIалэм и адэ-анэм фIыщIэ хуащI

**Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министру КъБР-м щыIэм и къуэдзэ - КъБР-м щыIэ МВД-м СледствэмкIэ и управленэм и унафэщI, юстицэм и полковник Попов Олег яхуэзащ Аруан район ОМВД-м следствэмкIэ и къудамэм и следователь Жэрэщты Къантемыр и адэ-анэм.**



ЩЫТЫКIЭ гуапэм иту Поповым Жэрэщты Хьэбасрэ Людмилэрэ яритащ Урысей Федерацэм Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ и министрым и къуэдзэ - Урысей МВД-м СледствиемкIэ и департаментым и унафэщI, юстицэм и генерал-лейтенант Лебедев Сергей къыбгъэдэкI фIыщIэ тхылъыр.

- Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ и министр Павлов Василий, сэ къызбгъэдэкIыу фIыщIэ фхудощI фи къуэр дахэу зэрывгъэсам папщIэ. И IэнатIэм зэрыпэрыувэрэ куэд мыщIами, абы фIы и лъэныкъуэкIэ зыкъигъэлъэгъуащ, и лэжьыгъэм хуэпэжщ, и къалэнхэр тэмэму егъэзащIэ. Фи къуэм - Урысей МВД-м Аруан районым щиIэ къудамэм и следователь, юстицэм и лейтенант Жэрэщты Къантемыр ехъулIэныгъэфIхэр зыIэригъэхьащ икIи Департаментым ар зи IэщIагъэм хуэIэижь, фIыуэ хэзыщIыкI лэжьакIуэу къелъытэ. Шэч хэмылъу, нэхъыбэу ар зи фIыщIэр фэращ икIи фи къуэм фрипагэ хъунущ! ФIыщIэ фхузощI! - жиIащ Поповым.

**БАХЪСЭН Азэмэт.**

Редактор нэхъыщхьэ
ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Редколлегием хэтхэр:
**ЖьэкIэмыхъу Маринэ** (унафэщI-редактор), **Ширдий Маринэ** (унафэщI-редактор), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, ЩхьэщэмыщI Изэ.**

Езыгъэтхахэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).



КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-60-53, 42-22-89; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-75-78, 42-63-64.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.
Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбардей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ПИ №ТУ07-00117-м щIэту ятхащ
Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI 12+
«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.
357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

*Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ* **ДыщэкI Соня,** *корректорхэу* **Инэрокъуэ Азэмэт** *(3, 4-нэ нап.),* **Нэужьокъуэ Заирэ** *(1, 2-нэ нап.). КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* **Ныр Саидэ, Мэлбахъуэ Анжелэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр П 5894 • Тираж 2.076 • Заказ №357